**O’ZBEKISTAN RESPUBLIKASI’ AWI’L HA’M SUW XOJALIG’I MINISTRLIGI**

**TAShKENT MA’MLEKETLIK AGRAR UNIVERSITETI NO’KIS FILIALI’**

**«EKONOMIKA HA’M AWI’L XOJALI’G’I’N BASQARI’W» KAFEDRASI’**

**5420100- «FERMER XOJALI’G’I’N BASQARI’W HA’M JU’RITIW» BAKALAVRIAT BAG’DARI’**

**4-KURS STUDENTI**

**Magzamov Azamat Paraxatovichtin’**

**PITKERIW QA’NIGELIK JUMI’SI’**

**Tema: «Awi’l xojali’g’i’nda kishi biznesti rawajlandi’ri’w bag’darlari’»**

**Basshi:**
«Ekonomika ha’m awı’l xojalı’g’ı’n basqarı’w» kafedrası’ dotsenti, e.i.k. Tleubergenov Raxat Sharibaevich

**«Jumı’s ko’rip shı’g’ı’ldı’ ha’m qorg’awg’a jiberildi»**

Ekonomika ha’m awı’l xojalı’g’ı’n basqarı’w» kafedrası’ baslıg’ı’,
e.i.k. A.S.Shamshetov
2015 jı’l «___» ____________

Zootexniya fakul’teti dekanı’,
v.i.k. R.Jumashev
2015 jı’l «___»__________

**No’kis - 2015 jı’l**

## MAZMUNI’

**KIRISIW**________________________________________________ 3

**I-BAP. EKONOMIKANI’ DIVERSIFIKACIYALAW SHARAYATI’NDA KISHI BIZNES HA’M JEKE ISBILERMENLIKTIN’ WORNI’**

1.1 Xojaliqtin’ sho’lkemlestiriwshilik-ekonomikaliq xizmetine minezleme____________________________________________________6

1.2 Bazar ekonomikasi’ sharayati’nda kishi biznestin’ wo’zine ta’n wo’zgeshelikleri_______________________________________________15

1.3 Kishi biznes ha’m isbilermenlikti a’melge asi’ri’w ila’jleri ha’m basqi’shlari’_____________________________________________________31

**II-BAP. EKONOMIKANI’ YERKINLESTIRIW JAG’DAYI’NDA AGRAR SEKTORDI’ RAWAJLANDI’RI’WDA KISHI BIZNES KA’RXANALARI’NI’N’ A’HMIYETI**

2.1 Ekonomikada kishi biznestin’ mazmuni’ ha’m abzalli’qlari’_____________________________________________________33

2.2 Awi’l xojali’g’i’ndag’i’ ekonomikali’q reformalardi’n’ na’tiyjeleri____________________________________________________38

2.3 Agrar sektorda kishi biznes ha’m jeke isbilermenlikti rawajlandi’ri’w mashqalalari’__________________________________________________ 54

**JUWMAQLAW** ___________________________________________ 60

**PAYDALANI’LG’AN A’DEBYATLAR DIZIMI** ________________ 63

# KIRISIW

**Temani'n' aktualli'g'i'.** Kishi biznes ha'm jeke isbilermenlik ma'mleketimizde mu'lkdarlar klasi'n qa'liplestiriwde a'hmiyetli wori'n iyeleydi. Usi' sektordi' rawajlandi'ri'w yesabi'nan ma'mleketimizde social-ekonomikali'q, turaqli'li'qtan ma'pdar, woni'n' rawajlani'wi' ha'm demokratiyali'q tu'p wo'zgerislerine qaray aktiv ha'reketlendiretug'i'n ku'sh yesaplang'an socialli'q qatlam qa'liplespekte.

Ma'mleketimizde biznesti ju'rtiw menen baylani'sli' barli'q processlerdi ja'nede liberallasti'ri'w, a'piwayi'lasti'ri'w ha'm arzanlasti'ri'w, kishi biznes ha'm jeke isbilermenlik sub'ektlerin finansli'q qollap-quwatlaw bari'si'nda a'melge asi'ri'li'p ati'rg'an ilajlar na'tiyjesinde kishi biznestin' ma'mleketimiz ekonomikasi'ndag'i' tutqan worni' bekkemlenip barmaqta. Bul haqqi'nda Prezidentimiz İ. A. Karimov wo'z bayanati'nda 2014 ji'li' kishi biznes ha'm jeke isbilermenlikti rawajlandi'ri'wdi' xoshametlew boyi'nsha ko'rilgen ilajlardi'n na'tiyjesinde wo'tken ji'li', fermer ha'm diyqan xojali'qlari'n yesapqa almag'anda, 20 mi'n'nan zi'yat jan'a kishi biznes sub'ektleri sho'lkemlestirildi, wolardi'n' uli'wma sani' bolsa 195 mi'n'nan zi'yat boldi'. Bul 2000-ji'lg'a sali'sti'rg'anda 2 yese ko'p. Awi'l xojali'g'i'nda yerisilgen tabi'slar haqqi'nda so'z yetkende, soni' ayri'qsha atap wo'tiwdi qaler yedim, bul salada biz qolg'a kirgizgen u'lken shekler, ba'rinen buri'n, fermerlerimiz, awi'l xojali'g'i' qa'nigeleri ha'm awi'ldi'n' rawajlani'wi' menen baylani'sli' tarmaqlarda miynet yetip ati'rg'an ju'z mi'n'lag'an watandaslari'mi'zdi'n' pida'kerlik miyneti, bilim ha'm ta'jiriybesinin' na'tiyjesi boli'p yesaplanadi'

Jalpi' ishki wo'nimdi qa'liplestiriwde kishi biznes ha'm jeke isbilermenlik salasi'ni'n' u'lesi 2000-ji'ldan baslap 31 procentten 56 procentke, sanaat wo'nimlerin islep shi'g'ari'wda 12,9 procentten 31,1 procentke wo'sti.

2014-ji'lg'i' kishi biznes ham jeke isbilermenlik salasi'nda 480 mi'n'nan aslam jan'a jumi's worni' sho'lkemlestirildi. Bul jarati'lg'an ja'mi jumi's wori'nlari'ni'n' yari'mi'n quraydi'. Bu'gingi ku'nde ekonomikani'n' usi'

salasi'nda jumi's benen ba'nt bolg'an xali'qti'n' 76,5 procentten zi'yati' miynet yetpekte. 2000-ji'lda bul ko'rsetkish 49,7 procentke ten' yedi. Usi' salani'n' jedel pa'tler menen rawajlani'wi' ishki bazardi' ba'sekige shi'damli' ha'm sapali' wo'nimler menen toli'qti'ri'w, bu'gingi ku'nnin' aktual ma'selelerinen biri yesaplang'an jaslar ushi'n jan'a jumi's wori'nlari'n payda yetiw ha'm usi' tiykarda xali'qti'n' turmi's da'rejesin artti'ri'w ha'm da'ramatlardi'n' wo'siwin ta'miyinlewdin' yen' a'hmiyetli faktorlari'nan sanaladi'.[1]

Kishi biznes ha'm jeke isbilermenlik sub'ektlerine finansli'q- ekonomikali'q ja'rdem ko'rsetiwde u'lken a'hmiyetke iye, sebebi, wolar yendi sho'lkemlestirilip, ayaqqa turi'p ati'rg'anda finansli'q ja'rdemge mu'ta'j boladi' ha'm wolarg'a banklar ta'repinen beriletug'i'n jen'illetilgen kreditlerdin' a'hmiyeti joqari' boladi'.

Ma'mleket ekonomikasi' tarmaqlari' ishinde kishi biznes awi'l xojali'g'i'nda joqari' da'rejede rawajlang'an. Tarmaqta ali'p bari'li'p ati'rg'an reformalardi'n' na'tiyjesinde awi'lli'q jerlerde kishi biznes ha'm jeke isbilermenlik sali'sti'rmali' tu'rde tez rawajlanbaqta.

Fermer xojali'qlari' rawajlang'an ma'mleketlerdin' uzaq da'wirli ta'jiriybesinde wo'ziniin' wo'nimdarli'g'i', ba'sekige shi'damli'li'g'i', bazar kon'yunkturasi'na tez iykemlese ali'wi'nday wo'zgesheliklerin wo'zinde su'wretley aldi'. Sog'an baylani'sli', wo'zbekstanda da fermer xojali'qlari'ni'n' rawajlani'wi'na u'lken itibar qarati'li'p, wolar xi'zmetinin' za'ru'r ekonomikali'q ila'jleri jarati'ldi', normativlik-huquqi'y tiykarlari' islep shi'g'i'ldi'.

O'zbekstanda bazar qatnasi'qlari'na wo'tiw sharayati'nda fermer xojali'qlari'ni'n' payda boli'wi' agrar reformalardi'n' tiykarg'i' mazmuni'n quradi'. Fermer xojali'qlari'ni'n' payda yetiliwi basqi'shpa-basqi'sh ha'm izbe-izlik tiykari'nda ali'p bari'ldi'. Prezidentimiz wo'z shi'g'armalari'nda ma'mleketimizde fermer xojali'qlari'n materialli'q-texnikali'q ta'miyinlew ha'm

[1] Karimov İ.A. 2015-ji'lda ekonomikami'zda tu`pkilikli strukturali'q wo'zgerislerdi a`melge asi'ri'w, modernizaciya ha`m diversifikaciyalaw processlerin izbe-iz dawam yettiriwdin` yesabi'nan jeke mulk ha`m jeke isbilermenlikke ken` jol ashi'p beriw-en` a`hmiyetli wazi'ypami'z."//"Erkin qaraqalpaqstan" gazetasi, №14, 2015 yil 20 yanvar`

qarji'landi'ri'w boyi'nsha bazar ekonomikasi' principlerine toli'q juwap beretug'i'n isenimli sistema ha'm mexanizmler rawajlandi'ri'lg'anli'g'i' ha'm jaqsi' xi'zmet ko'rsetip ati'rg'anli'g'i'na ayi'ri'qsha itibar qaratti'.

Ha'r ji'li' fermer xojali'qlari'n qollap-quwatlaw ushi'n u'lken mug'darda materialli'q resurs ha'm qa'rejetler aji'rati'lmaqta. Tek g'ana 2013-ji'ldi'n' wo'zinde awi'l xojali'q wo'nimlerinin' yen' basli' tu'rlerin jetistiriw ushi'n 1 trillion su'm, soni'n' ishinde, paxta tayarlawg'a – 800 milliard su'm, g'a'lle jetistiriwge – 200 milliard su'm qa'rejet avans yesabi'nda berildi. 2014 ji'lda usi' maqsetler ushi'n 1 trillion 200 milliard su'm jumsaldi'. Awi'l xojali'q texnikasi'n lizing tiykari'nda sati'p ali'w boyi'nsha arnawli' payda yetilgen Fond yesabi'nan usi' maqsetler ushi'n wo'tken ji'li' 43 milliard su'mnan zi'yat qa'rejet aji'rati'lg'an bolsa, usi' ji'lda 58 milliard su'mnan arti'q qa'rejet jumsaw jobalasti'ri'lmaqta.

Ma'mleketimiz ta'repinen ko'rsetilip ati'rg'an usi'nday itibar ha'm a'meliy ja'rdemler sebebinen 2014 ji'lda fermer xojali'qlari'ni'n' awi'l xojali'g'i' wo'nimleri tiykarg'i' tu'rlerin islep shi'g'ari'wdag'i' u'lesi sezilerli da'rejede asti'. Ma'mleketimiz awi'l xojali'g'i'ndag'i' paxta (99,1 %) ha'm g'a'llenin' (79,2 %) tiykarg'i' bo'legi fermer xojali'qlari' ta'repinen jetistirilmekte. Diyxan xojali'qlari' bolsa u'stin tu'rde su't (96,8 %), sharwashi'li'q ha'm qusshi'li'q wo'nimleri (95 %), kartofel' (83,4 %) ha'm wovosh' wo'nimleri (66,5 %) wo'nimlerin jetistiriwge qa'niygelesken. Ju'zim, miywe pali'z yeginleri ha'm fermer, ha'm diyxan xojali'qlari' ta'repinen derlik bir qi'yli' salmaqta jetistirilmekte. sub'ektleri basqa formalari'ni'n' wo'nim jetistiriw ko'lemindegi u'lesi ji'ldan-ji'lg'a qi'sqari'p barmaqta. 2014 ji'lda wolar ta'repinen sharwashi'li'q ha'm qusshi'li'q wo'nimlerinin' 2,5 %, ju'zimnin' 2 %, miywelerdin' 1,5 %, pali'z yeginlerinin' 1,4 %, g'a'llenin' 1,3 %, paxtani'n' 0,9% jetistirilgen.

**Pitkeriw jumi'si'ni'n' maqseti ha'm wazi'ypasi'.** Jumi'sti'n' maqseti respublikami'z ekonomikasi'nda awi'l xojali'g'i' salasi'nda ha'reket yetip turg'an kishi biznes ha'm jeke isbilermenlik mashqalalari'n u'yreniw ha'm sheshiwden ibarat.

Jumi'sti'n' wazi'ypasi' sonnan ibarat awi'l xojali'g'i'nda kishi biznes ha'm jeke isbilermenlikti, fermer xojali'qlari'n rawajlandi'ri'wdi' sho'lkemlestiriw ha'm ekonomikali'q na'tiyjelilikti artti'ri'w mashqalasi'n teren' izertlep tiyisli usi'ni'slar islep shi'g'i'w.

**Pitkeriw jumi'si'ni'n' du'zilisi.** Jumi's kirisiw, yeki bap, juwmaqlaw ha'm paydalani'lg'an a'debiyatlar diziminen ibarat. Jumi'sti'n' kirisiw bo'liminde temani'n' aktualli'g'i', jumi'sti'n' maqseti ha'm wazi'ypalari', ilimiy jan'ali'g'i', mashqalani'n' u'yrenilgenlik da'rejesi, izleniwdin' metodikali'q tiykari' ha'm pitkeriw jumi'si'ni'n' du'zilisi berilgen.

**Pitkeriw jumi'si' birinshi babi'** «Ekononomikani' diversifikaciyalaw sharayati'nda kishi biznes ha'm jeke isbilermenliktin' worni'» dep atali'p bul bapta bazar ekonomikasi' sharayati'nda kishi biznestin' wo'zine ta'n wo'zgeshelikleri, kishi biznes ha'm jeke isbilermenlikti a'melge asi'ri'w ila'jleri ha'm basqi'shlari' haqqi'nda ayti'lg'an.

**Pitkeriw qa'nigelik jumi'si'ni'n' yekinshi babi'** «Ekonomikani' yerkinlestiriw jag'dayi'nda agrar sektordi' rawajlandi'ri'wda kishi biznes ka'rxanalari'ni'n' a'hmiyeti» dep atali'p bul bapta awi'l xojali'g'i'ndag'i' ekonomikali'q reformalardi'n' na'tiyjeleri, agrar sektorda jeke isbilermenlikti rawajlandi'ri'w mashqalalari' xaqqi'nda so'z yetilgen.

Pitkeriw qa'nigelik jumi'si'ni'n' juwmaqlaw bo'liminde tan'lap ali'ng'an tema boyi'nsha usi'ni'slar keltirilgen.

# I-BAP. EKONOMIKANI’ DIVERSIFIKACIYALAW SHARAYATI’NDA KISHI BIZNES HA’M JEKE ISBILERMENLIKTIN’ WORNI’

## 1.1. Xojali’qti’n’ sho’lkemlestiriwshilik-ekonomikali’q xi’zmetine minezleme

Kegeyli rayoni’ xa’kiminin’ 2006 ji’l 28-mart 119/03-sanli’, qarari’ menen «Ju’zim-bag’» APJ aymag’i’nan puxara R.Erejepovti’n’ arzasi’ boyi’nsha diyxanshi’li’qqa qa’nigelestirilgen «Erejep baba» fermer xojali’g’i’na uzaq mu’ddetke ijarag’a jer maydani’ ajrati’ldi’. 2014 ji’l 13-fevral’ sa’nesindegi komissiya juwmag’i’n ko’rip shi’g’i’p, «Ju’zim-bag’» APJ aymag’i’nan diyxanshi’li’qqa qa’nigelestirilgen «Erejep baba» fermer xojali’g’i’ dizimge ali’ndi’. Rayon ha’kimiyati’ fondi’ jerinen du’zilgen «Erejep baba» fermer xojali’g’i’na №1568-1590,1605-1824shi konturlari’ndag’i’ uli’wma maydani’ 500,8 gektar, sonnan ball boniteti 40 ballg’a iye 272 gektar su’rim jerler, 3,6 gektar boz jerler, 64 gektar jaylaw jerler, 28,5 gektar jap-salmalar, 8,1 gektar jollar ha’m sheller ha’m 124,6 gektar awi’l xojali’g’i’nda paydalani’lmay ati’rg’an basqa jerlerdi ijarag’a aji’rati’p beriw haqqi’ndag’i’ juwmag’i’ tasti’yi’qlandi’ ha’m aji’rati’lg’an jer uchastka fermer xojali’g’i’na 30 ji’l mu’ddetke ijarag’a ajrati’li’p berildi.

### 1. Uli’wma rejeler

1. Fermer xojali’g’i’ wo’zine uzaq mu’ddetke ijarag’a berilgen jer uchastkasi’nan paydalang’an halda awi’l xojali’g’i’ wo’nimlerin jetistiriw menen shug’i’llani’wshi’ fermer xojali’g’i’ ag’zalari’nan birgeliktegi miynet etiwine tiykarlang’an, yuridikali’q ta’rep huqi’qlari’na iye biyg’a’rez xojali’q sub’ekti boli’p tabi’ladi’.

2. Fermer xojali’g’i’ ni’zam hu’jjetlerinde na’zerde tuti’lg’an ta’repte ha’r qanday yuridikali’q ha’m jeke puxaralar menen sha’rtnama negizinde puxarali’q-huqi’qi’y kelisimlerge kiriwge haqi’li’.

3. Fermer xojali’g’i’ rayon ha’kiminde ma’mleketlik dizimnen wo’tkennen baslap yuridikali’q ta’rep boli’p esaplanadi’ ha’m wo’z ati’nan sha’tnamalar

du’ziw, soday-aq Banktin’ mekemelerinde esap sanaq ha’m basqa da schyotlar ashi’w, mo’r, shtamp ha’m basqa rekvizitlerge iye boli’w huqi’qi’n aladi’, sudta dawager yamasa juwapker boli’wi’ mu’mkin.

4. Fermer xojali’g’i’ Ma’mleketlik Ministrine, ma’mleket bolsa fermer xojali’g’i’ minnetlerine juwap bermeydi. Fermer xojali’g’i’ wo’z minnetleri boyi’nsha ni’zam hu’jjetleri negizinde wo’ndiriwge qarati’li’wi’ mu’mkin bolg’an mal mu’lki menen juwap beredi.

5. Fermer xojali’g’i’ni’n’ xojali’q ju’rgiziwine Ma’mleket worganlari’ ha’m sho’lkemlerinin’ ha’mde basqa worganlar ha’m sho’lkemlerdin’, ha’meldar adamlardi’n’ aralasi’wi’na jol qoyi’lmaydi’.

6. Xojali’qti’n’ ustavi’, xojali’q ag’zalari’ni’n’ sheshimi menen wo’zgertiliwi mu’mkin ha’m wol rayon ha’kimliginde ma’mleketlik dizimnen wo’tkeiledi.

## 2. «Erejep baba» fermer xojali’g’i’ni’n’ maqseti, wazi’ypalari’ ha’m wo’ndirislik jumi’si’

1. Awi’l xojali’q wo’nimlerin jetistiriwden payda ali’w, awi’ldi’, rayondi’ azi’q-awqat penen ta’miynlew ha’mde wo’z xojali’q ag’zalari’ni’n’ ku’n ko’ris qa’rejetlerin qanaatlandi’ri’w xojali’qti’n’ bas maqseti boli’p esaplanadi’.

2. Xojali’q wazi’ypalari’:

- Aji’rati’lg’an jerden agrotexnika qag’i’ydalari’ negizinde zi’yansi’z, na’tiyjeli paydalani’p joqari’ hasi’l jetistiriw;

- Awi’l xojali’q wo’nimlerin jetistiriw, qayta islew ha’m sati’w.

3. Xojali’qti’n’ jumi’s bag’dari’ to’mendegilerden ibarat:

Awi’l xojali’g’i’ wo’nimlerin jetistiriw, jetistirilgen wo’nimlerdi qayta islew, saqlaw ha’m bazarlarg’a shi’g’ari’p sati’w. Xali’qqa to’lemli xi’zmet ko’rsetiw. Ni’zam hu’jjetlerinde ko’rsetilgen basqa da jumi’slardi’ a’melge asi’ri’w.

## 3. «Erejep baba» fermer xojali’g’i’ ha’m woni’n’ ag’zalari’ni’n’ xuqi’q ha’m minnetlemeleri

1. Xojali’q yuridikali’ tareptin barli’q xuqi’qlari’na iye boladi’:

-Xojali’q isbilermenliktin’ formalari’ni’n’ biri boli’p duzilgende go’zlengen maqsetlerine jetiw ushi’n isbilermenlik penen shug’i’llani’wga haqi’li’.

-Xojali’q jurgiziwdin’ basqa turindegi ka’rxanalar menen ten’ huqi’qli’.

2. Xojali’q to’mendegi huqi’qlarg’a iye:

- isenim qag’azlari’n beredi, sha’rtnama ha’m kelisimler duzedi, sha’rtnama negizinde jumi’sshi’ kushin jumi’sqa jumsaydi’. Xojali’k ag’zalari’ ha’m xojali’qta sha’rtnama negizinde islep ati’rg’an adamlar arasi’nda wazi’ypalardi’ belgileydi.

- xojali’q ati’nan hujjetlerge qol qoyadi’.

**4. «Erejep baba» fermer xojali’g’i’nda jerden ha’m suwdan paydalani’w.**

1. Jer uchastkasi’n 10 ji’ldan kem bolmag’an muddetke ijarag’a aladi’.
2. Jer uchastkasi’ni’n’ mug’dari’ ha’m shegarasi’ xojali’q basli’g’i’ ha’m ag’zalari’ni’n’ kelisimi menen g’ana wo’zgertiliwi mumkin.
3. Xojali’qqa berilgen jer uchastkasi’n tek awi’l xojali’g’i’ daqi’llari’n egiwge paydalani’ladi’. ( Daraqlar, terekler, miywe, juzim, wovosh-baxcha, da’nli, eginler, kartofel’, wot-jemlik eginler ha’m paxta).
4. Fermer xojali’g’i’ wo’z jumi’si’n toqtatqan jag’dayda jer uchastkasi’, rayon ha’kimiyat fondi’na qaytari’ladi’.
5. Jer uchastkasi’na to’lenetug’i’n to’lem woni’n’ kadastr baxasi’ esapqa ali’ng’an xalda rayonli’q byudjetke wo’tkeredi.
6. Suwdan paydalani’w limiti ha’m paydalang’an suwi’na tiyisli to’lemdi suwdan paydalani’wshi’ birlespesi menen ji’ldi’n’ juwmag’i’nda esaplasadi’.

**5. «Erejep baba» fermer xojali’g’i’ndag’i’ miynet.**

1. Xojali’qti’n’ jumi’s bag’dari’ xojali’q ag’zalari’ni’n’ jeke miynetine tiykarlanadi’. Jumi’slardi’ wori’nlawg’a basqa adamlar miynet sha’rtnamasi’ tiykari’nda tarti’ladi’. Xojali’qta miynet sha’rtnamalari’n duziw ta’rtibi ni’zam xujjetleri menen ta’rtipke sali’nadi’.
2. Xojali’qta miynet sha’rtnamasi’ tiykari’nda islep ati’rg’an adamlarg’a xaqi’ to’lew ni’zamli’ en’ kem miynet xaqi’dan az bolmaydi’, wo’z-ara kelisimge qarata aqshalay yamasa zatlay da to’lenedi.

3. Xojali’qta islengen waqi’ti’ miynet staji’na qosi’ladi’. Ni’zam xujjetlerinde belgilengen ta’rtipte ma’mleketlik napaqalar ha’m pensiyalar tayi’nlanadi’ ha’m to’lenedi.

**6. «Erejep baba» fermer xojali’g’i’ni’n’ qarejeti ha’m esap-sanag’i’.**

1.Fermer xojali’g’i’ pul aylani’si’n jurgiziw ha’m aqsha qarji’lari’n saqlap turi’w ushi’n ha’m bul qarji’lardi’ erkin paydalani’w ushi’n bankten esap betin ashi’w xuqi’qi’na iye. Fermer xojali’g’i’ni’n’ esap betine qarji’lardi’ tek g’ana woni’n’ kelisimi menen yamasa sudti’n’ qarari’ menen esaptan shi’g’ari’w mumkin.

**7. Da’ramat (payda) ni’ bo’listiriw ha’m zi’yanlardi’ qaplaw ta’rtibi.**

1.Fermer xojali’g’i’ni’n’ islep tapqan paydasi’, sali’q ha’m basqa da to’lemlerdi to’legennen keyin fermer xojali’g’i’ni’n’ wo’z erkinde qaldi’ri’ladi’. Fermer xojali’g’i’na jetkizilgen zi’yan woni’n’ mal mulki ha’m basqa da derekler esabi’nan ni’zam xujjeterinde belgilengen ta’rtipte qaplanadi’.

**8. «Erejep baba» fermer xojali’qlari’ni’n’ birgeliktegi jumi’s bag’darlari’.**

1. Fermer xojali’qlari’ i’qti’yarli’ ra’wishte wo’z-ara ules (pay) tiykari’nda wo’nim jetistiriwge sati’p ali’w ha’m woni’ qayta islew, sati’w, materiyalli’q ta’miynlew ha’m basqa da hi’zmet ko’rsetiw boyi’nsha kooperativlerge (shirketlerge) awqamlarg’a, ag’za boli’p kiriw xuqi’qi’na iye.

Pitkeriw qa’nigelik jumısın tayarlaw dawamında xojalıqtın’ 2013 – 2014-jıllardag’ı esap ha’m esabat mag’lıwmatlarınan paydalanılg’an halda, bir neshe analiz kesteler keltirildi. Sonın’ ishinde, to’mendegi 1-kestede «Erejep baba» fermer xojalıg’ının’ buxgalteriya balansının’ aktiv stat’yalarının’ analizi keltirilgen.

**Kegeyli rayoni' «Erejep baba» fermer xojali'g'i'ni'n' buxgalteriya balansi' ha'm aktiv stat'yalari'ni'n' analizi**

**Keste-1**

| Ko'rsetkish-ler ati' | 2013 jil | | 2014 jil | | O'zgeris (+;-) | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | summa, mi'n' su'm | sal mag'i', % | summa, mi'n' su'm | sal mag'i', % | summa, mi'n' su'm | sal mag'i', % | 2014yil-2013ji'lg'a sali'sti'r-g'anda wo'sim |
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6=4-2 | 7=5-3 | 8=6/2*100 |
| 1.Uzaq mu'ddetli aktivler | 86342,0 | 75,5 | 86342,0 | 71,5 | 0 | -4 | 0 |
| 2.Ag'i'mdag'i' aktivler | 28021,1 | 24,5 | 34364,2 | 28,5 | 6343,1 | 4 | 22,6 |
| Sonnan: | - | - | - | - | | - | |
| a)tovar-materialli'q rezervleri | 18564,3 | 66,3 | 24890,5 | 72,5 | 6326,2 | 6,2 | 34,0 |
| b)kelesi da'wir qarejetleri | 9456,8 | 33,7 | 9456,8 | 27,5 | 0 | -6,2 | 0 |
| Balans aktivinin' ja'mi | 114363,1 | 100 | 120706,2 | 100 | 6343,1 | - | 5,5 |

Usı 1-keste mag'lıwmatlarınan ko'rinip turıptı, biz analiz qılıp atırg'an «Erejep baba» fermer xojalıg'ında u'yrenilip atırg'an uzaq mu'ddetli aktivler 86342,0 son'g'i' ji'lg'a sali'sti'rg'anda hesh wo'zgermegen. Ag'ımdag'ı da'wirde ja'mi aktivler summası 6343,1 mın' su'mg'a yamasa 22,6 payizg'a ko'beygen. Aktivlerdin' ko'beyiwin unamlı bahalag'an halda, mag'lıwmatlarg'a itibar qılatug'ın bolsaq, aktivlerdin' ko'beyiwi tiykarınan ag'ımdag'ı aktivlardin' soni'n' ishinde tovar-materialli'q rezervleri 6326,2 mın' su'mg'a yag'ni'y 34,0 payi'zg'a ko'beygenliginin' esabına bolg'an. Balans aktivinin' ja'mi 6343,1 mi'n' suwmg'a yag'ni'y 5,5 payi'zg'a artqan.

**Kegeyli rayoni' «Erejep baba» fermer xojali'g'i'ni'n' buxgalteriya balansi' ha'm passiv stat'yalari'ni'n' analizi**

**Keste-2**

| Ko'rsetkishler ati' | 2013 jil | | 2014 jil | | O'zgeris (+;-) | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | summa, mi'n' su'm | sal mag'i', % | summa, mi'n' su'm | sal mag'i', % | summa, mi'n' su'm | sal mag'i', % | summa, mi'n' su'm |
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6=4-2 | 7=5-3 | 8=6/2* 100 |
| 1.O'z qarji'lari' derekleri | 572,1 | 0,6 | -9495,5 | -7,8 | -10067,6 | -8,4 | -1759,7 |
| Ag'i'mdag'i' ma'jbu'riyatlar | 113791,0 | 99,4 | 130201,7 | 107,8 | 16410, 7 | 8,4 | 14,4 |
| Balans passivinin' ja'mi | 114363,1 | 100 | 120706,2 | 100 | 6343,1 | 0 | 5,5 |

Joqarıdag'ı 2-kestede biz analiz qılıp atırg'an «Erejep baba» fermer xojalıg'ında 2014-ji'li' ja'mi passivler summası 6343,1 mın' su'mg'a yag'ni'y 5,5 payi'zg'a joqari'lag'an. «Erejep baba» fermer xojalıg'ında mag'lıwmatlarınan ko'rinedi, xojalıqta ag'ımdag'ı jıl aqırında o'z qarjıları derekleri jıl basına qarag'anda -10067,6 mın' su'mg'a yamasa -1759,7 payi'zg'a kemeygen. Bunday na'tiyjeni xojalıq ushın unamsız bahalamaq lazım. Sebebi, o'z qarjıları dereklerinin' kemeyiwi xojalıqtın' finanslıq g'a'resizliginin' to'menlewine, to'lew qa'bilietinin' jamanlanıwına ha'mde xojalıqtın' sotsiallıq-ekonomikalıq jaqtan pa'seyiwine alıp keledi. Sebebi, minnetlemelerdin' bunday ta'rizde kemeyip barıwı xojalıqtın' finanslıq jag'dayına qatan' ta'sir ko'rsetedi.

**Kegeyli rayoni’ «Erejep baba» fermer xojali’g’i’ni’n’ 2013-2014 ji’llarda finansli’q na’tiyjeleri haqqi’nda Mag’li’wmat (mi’n’ su’m)**

**Keste-3**

| Ko’rsetkishler ati’ | 2013 jil | | 2014j il | | 2014jil 2013 ji’lg’a sali’sti’rg’anda | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | Da’ramat (payda) | Qa’rejet (zi’yan) | Da’ramat (payda) | Qa’rejet (zi’yan) | Da’ramat (payda) | Qa’rejet (zi’yan) |
| O’nim(tovar, jumıs ha’m xızmet)lerdi satıwdan taza payda | 98688,0 | - | 61339,9 | - | -37348,1 | - |
| Satılg’an o’nimlerdin’ o’zine tu’ser bahası | - | 117504,8 | - | 96470,9 | - | -21033,9 |
| Ulıwma xojalıq payda(zıyan) | - | 18816,8 | - | 39751,8 | - | 20935 |

3-kestededen ko’rip turg’anımızday, 2014 jılı o’nimdi satıwdan sap payda 61339,9 mın’ su’m bolg’an al bul ko’rsetkish 2013 jılg’a salıstırg’anda -37348,1 mın’ su’mg’a ko’meygen yag’nıy -58,3%ke to’menlegen. Xojalıqta satılg’an o’nimnin’ o’zine tu’ser bahası 2014 jılı 96470,9 mın’ su’m bolg’an bolsa bul ko’rsetkish 2013 jılı 117504,8 mın’ su’mdı qurag’an yag’nıy 2014 jılı -21033,9 mın’ su’mg’a kemeygen. Ulıwma xojalıqtın’ zıyanı 20935 mın’ su’m bolg’an.

4-sanlı kestede ko’rip turg’anımızday, xojalıqta 2014-jıli’ 90,0 tonna paxta jetistirilip ol 64,0 mln. su’mg’a satılg’an. Biyday tapsırıw bolsa 80,0 tonna bolıp ol 36,0 mln. su’mg’a satılg’an. Ma’mleketke salı satıw boyınshada jag’day jaqsı emes. 2014-jılı 8 tonna salı jetistirilip 3,2 mln. su’mg’a satılg’an bolsa, baw baqchadan 10 tonna wo’nim jetistirilip, 10,0 mln. suwmg’a sati’lg’an.

**«Erejep baba» fermer xojali’g’i’ni’n’ 2014 ji’li’ jetistirgen awi’l xojali’q wo’nimleri haqqi’nda**

**Mag’li’wmat**

**Keste-4**

| № | O’nim tu’rleri | Egislik gektar | Jetis-tirilgen o’nim (tonna) | Summa (mln.su’m) |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Paxta | 50 | 90 | 64,0 |
| 2 | Biyday | 45 | 80 | 36,0 |
| 3 | Sali’ | 4 | 8 | 3,2 |
| 4 | Baw baqcha | 5 | 10 | 10,0 |

## 1. 2 Bazar ekonomikasi’ sharayati’nda kishi biznestin’ wo’zine ta’n wo’zgeshelikleri

Bu’gingi ku’nde bazar ekonomikasi’ni’n’ tiykarg’i’ talabi’ az miynet sari’plag’an halda ko’p ha’m sapali’ wo’nim islep shi’g’ari’w, adamlardi’n’ talap ha’m mu’ta’jliklerin toli’q qanaatlandi’ri’w ha’m sol tiykarda payda ali’wdan ibarat. Bul bag’darda islep shi’g’ari’w processindegi tiykarg’i’ ha’reketlendiriwshi ku’sh-isbilermenlik boli’p yesaplanadi’.

Respublikami’zdi’n’ strategiyali’q bag’dari’ ja’miyet ha’m ilim aldi’na islep shi’g’ari’wdi’n’ rawajlani’wi’n ta’miyinleytug’i’n jan’asha ekonomikali’q qatnasi’q ha’m ideyalardi’ a’melge asi’ri’w, ekonomikani’ basqari’wdi’ tu’pten qayta reformalasti’ri’w, jan’asha xojali’q ju’ritiw usi’llari’n izlep tabi’w ha’m woni’ a’meliy ku’ndelikli turmi’sqa yengiziw ma’selelerin qoymaqta. Bul to’mendegilerdi talap yetedi:

- Materialli’q islep shi’g’ari’w tarawlari’na ko’birek isbilermen ha’m bilimdan adamlardi’ tarti’w;

- Menedjment, marketing, isbilermenliktey bazar ekonomikasi’na kerekli bag’darlar ushi’n ha’r ta’repleme jan’a bilim beriwdin’ ken’ ila’jlerin a’melge asi’ri’w;

- Ha’zirgi bazar ekonomikasi’ni’n’ ha’r qanday mashqalalari’n sheshetug’i’n qa’nigelerdi tayarlaw;

- İslep shi’g’ari’w processlerin ba’sekege shi’damli’ yetip qa’liplestiriw, mu’lktin’ tiykarg’i’ bo’legin ma’mleket iyeliginen shi’g’ari’w, ha’r qi’yli’ mu’lkshilik formalari’n a’melge asi’ri’wdi’ jedellestiriw, wo’nimdi qayta isleytug’i’n kishi ka’rxanalar payda yetiw, jeke ja’rdemshi xojali’qti’ ja’nede rawajlandi’ri’w, jeke mu’lkshilikke ken’ imkaniyat beriw, akcionerlik sho’lkemlerdi du’ziw, birgelikte aralas ha’m qospa ka’rxanalar joli’na wo’tiw, ijara, diyxan ha’m fermer xojali’g’i’ ko’rinislerindegi xojali’q ju’ritiw usi’llari’n ja’nede rawajlandi’ri’w, miynet intizamli’g’i’n bekkemlew, ma’mlekettin’ bazar ekonomikasi’ tarawi’ndag’i’ strategiyali’q siyasatti’ ta’rtipke sali’p, basqari’w joli’n bekkemlep bari’w h.t.b.

Biznes-bir is ju’zesinen bolg’an qatnasi’q, ani’g’i’ isbilermenliktin’ ekonomikali’q qatnasi’ boli’p yesaplanadi’.

Biznestin’ tiykari’nan 3 tu’ri bar:

1. Sawda-kommerciyali’q
2. İslep shi’g’ari’w tarawi’ndag’i’ biznes
3. Xi’zmet ko’rsetiw tiykari’ndag’i’ biznes

İslep shi’g’ari’w biznesinin’ wo’zi yeki tu’rge aji’raladi’.

1. Da’stu’rli tu’rdegi isbilermen. Bunday isbilermen tek talap yetiletug’i’n wo’nimdi islep shi’g’aradi’.

2. Novator isbilermen. wol jan’a texnologiyalardan paydalani’w tiykari’nda ideyalardi’ islep shi’g’ari’wdi’ qollaydi’ ha’m tovar islep shi’g’ari’wda jan’a usi’llar ja’rdeminde a’melge asi’ri’ladi’. Bunda jan’a islep shi’g’ari’w usi’llari’ ha’m jan’a wo’nimler jarati’li’wi’ mu’mkin.

Biznes – ekonomikali’q qatnasi’q si’pati’nda bir qatar belgilerge iye biznesmenler wo’z ma’plerinen kelip shi’g’i’p payda ali’wg’a umti’latug’i’n istin’

si’rlari’n biletug’i’n ta’wekelshi adamlar boli’p wo’z – ara ekonomikali’q baylani’slar ma’deniyati’n puxta iyelegen boladi’. wolardi’n’ baylani’slari’ barli’q qatnasi’wshi’lar ushi’n payda keltiredi. Biznesmen kapital iyesi, mu’lkdar mu’lkin ko’beytiwge umti’li’wshi’ ta’rep. Biznes – bul ruxsat yetilgen, ja’miyet ag’zalari’na payda keltiriwshi jumi’s penen shug’i’llani’p da’ramat tabi’w boli’p yesaplanadi’. Biznes ken’ ma’niste ni’zamli’ jol menen da’ramat tabi’wg’a qarati’lg’an ha’reket. Biznestin’ ma’nisi almaslaw boli’p yesaplanadi’. Puldi’ tovarg’a ha’m ja’nede ko’birek puldi’ yag’ni’y paydasi’ menen qaytqan puldi’ tovarg’a almasti’ri’w biznestin’ mazmuni’n ko’rsetedi

$$P \longrightarrow T \longrightarrow P^1 \longrightarrow T$$

(P-pul, T-tovar).

Biznes isbilermenlik xi’zmet si’pati’nda wo’z sub’ektlerine, yag’ni’y jeke ta’rtiptegi biznes penen shug’i’llani’wshi’ adamlar, isbilermenler topari’ ha’m sho’lkem, jeke tuti’ni’wshi’lar birlespeleri ha’m ma’mlekettin’ ekonomikali’q mekemelerine iye. wo’zbekstan Respublikasi’ «İsbilermenlik haqqi’nda»g’i’ ni’zamni’n’ «İsbilermenlik sub’ektleri» dep atalg’an 4-stat’yasi’nda biznestin’ (isbilermenliktin’) sub’ektleri si’pati’nda to’mendegiler ko’rsetilgen:

- Jeke isbilermen;
- İsbilermenler topari’ ha’m isbilermenlik associaciyasi’;
- O’nim (xi’zmetler, jumi’slar) tuti’ni’wshi’ yaki wolardan paydalani’wshi’ ayri’qsha ha’m ko’pshilik topar formasi’ndag’i’ tuti’ni’wshi’lar ha’m sonday-aq tuti’ni’wshi’lar sho’lkemi ha’m associaciyalari’;
- Sha’rtnama tiykari’nda jallani’p miynet iskerligin a’melge asi’ratug’i’n xi’zmetker ha’m sho’lkemler;
- Pitim du’ziwge tuwri’dan -tuwri’ qatnasi’wshi’ ma’mleket strukturalari’ (bul isbilermenlerge hu’kimet buyi’rtpalari’n beriwde, baha belgilewde arnawli’ isler ha’m basqalardi’ wori’nlaw mu’mkinshilik ko’lemin ta’rtibin ani’qlawda qollani’ladi’.)

Bazar ekonomikasi’nda brokerler, dilerler, marketologlar, bankirler, finansistler, adminstrativlik basshi’lar aktiv qatnasadi’.

İsbilermenlik wob’ekti islep shi’g’ari’w faktorlari’ni’n’ na’tiyjeli kombinaciyasi’n islep shi’g’ari’w ha’m soni’n’ na’tiyjesinde yen’ ko’p da’ramat ali’w boli’p yesaplanadi’. İsbilermenlerge ha’m bazar qatnaslari’n a’melge asi’ri’wg’a umti’li’p ati’rg’an ta’replerge wo’zbekstan ma’mleketinin’ tek g’ana kepillik beriwi jeterli yemes. Usi’ huquqlardan ha’m kepilliklerden toli’q paydalani’w ushi’n sha’rt-sharayatlar jarati’w, bu’gingi ku’nnin’ basli’ ma’selesi. Jeke isbilermenlikti ha’r ta’repten rawajlandi’ri’w bu’gin respublikami’z ekonomikasi’ni’n’ ko’teriliwinin’ basli’ faktori’ si’pati’nda qarawi’mi’z ha’m ni’zamshi’li’g’i’mi’zda bul tarawg’a usi’nday ko’z-qaraslar menen qarawi’mi’z kerek. Bizneske bazar arqali’ talap ha’m mu’ta’jlikti qanaatlandi’ri’wshi’ iskerlikte kiredi. Tuti’ni’wshi’lar (qari’ydarlar) di’n’ bizneste qatnasi’wdan ma’pi tovar ha’m xi’zmetlerdi’ sati’p ali’wlari’ boli’p yesaplanadi’. İsbilermenliktin’ biznesten parqi’ tuti’ni’w biznesinde ha’mme puxaralar qatnasadi’, wolardi’n’ talap mu’ta’jliklerin bazar arqali’ qanaatlandi’ri’w za’ru’rligi aktiv isbilermenlikti talap yetedi. İsbilermenlik biznestin’ bir bo’legi boli’p, woni’n’ maqseti tovarlar islep shi’g’ari’w ha’m xi’zmet ko’rsetiw joli’ menen da’ramat tabi’w boli’p yesaplanadi’. Bizneske isbilermenlikten ti’sqari’ basqa jol menen, ma’selen pul yamasa qi’mbat baha buyi’mlardi’ bankke qoyi’p da’ramat tabi’w yaki ijarag’a berip pul tabi’w ha’m tag’i’ basqalar kiredi, biraq bul iskerlik tarawlari’nda do’retiwshilik joq, yag’ni’y hesh bir na’rseni jaratpay wol bayli’qtan- bayli’q wo’ndiriwden ibarat.

Biznes qatnasi’ni’n’ yeki tiykarg’i’ talabi’ bar. Birinshiden biznes qatnasi’wshi’lari’ suveriniteti, g’a’rezsizlik, yerkinlikke iye boli’wi’ sha’rt. Biraq bul ayri’qsha tu’sinik boli’p wolar ha’r bir sub’ekttin’ basqa sub’ekt yag’ni’y wo’zi baylani’s qi’latug’i’n sub’ekt ma’pleri menen yesaplasi’w, woni’n’ niyetleri ha’m ha’reketlerin biliw ha’m duri’s tu’siniwdi de talap qi’ladi’. Sub’ektlerdin’ biznes bari’si’ndag’i’ qatnasi’qlari’ belgilengen ta’rtip qag’i’ydalar shen’berinde boladi’ ha’m buni’ ma’mleket qadag’alaydi’. yekinshiden, biznes baylani’slari’ndag’i’

sub’ektler ma’plerinin’ ja’njelsiz qatnasta boli’wi’n talap yetedi. Ten’lik is ju’zinen bir-biri menen baylani’s qi’li’wshi’lar wo’z-ara ma’jbu’riyatlari’n wori’nlawi’, qatan’ ha’reketleri ha’r yeki ta’repke zi’yan keltiriwshi, wolardi’n’ suvereniteti buzi’lmawi’n ko’rsetedi. Teoriyali’q ta’repten biznes ha’m isbilermenlik tu’sinikleri wortasi’nda parq bolsa da, biraq ku’ndelikli turmi’sta biznes penen shug’i’llani’wshi’ barli’q adamlar isbilermenler yesaplanadi’.

Bul tu’sinikler sinonimler si’pati’nda isletiledi. Ayi’ri’m jag’daylarda wolar wortasi’nda parq aji’rati’lmaydi’, ayi’ri’m jag’daylarda yeki so’zde isletiledi. Tiykari’nda bul tu’sinikler wortasi’nda uqsasli’q ha’m parqli’ ta’repleri de bar.

Jeke isbilermenlikte, mikrofirmalar, kishi ka’rxanalarda isbilermen, biznesmen ha’m menedjer bir shaxs si’pati’nda sa’wlelenedi. İsbilermenler jan’a ka’rxana payda yetedi, wonda wo’zi biznes penen shug’i’llanadi’ ha’m woni’n’ wo’zi menedjerlik wazi’ypasi’n wori’nlaydi’.

İsbilermenliktin’ maqseti**.** Solay yetip, isbilermen wo’zinin’ jeke wazi’ypalari’n basqari’w menen bir qatarda basqa birewlerdin’ jumi’slari’n, wazi’ypalari’nda, yag’ni’y mayda tovar islep shi’g’ari’w, mu’lk iyesi, ka’rxana basqari’wshi’si’ h.t.b. wazi’ypalardi’ da wori’nlaydi’.

Biraq wo’z jeke iskerliginin’ rawajlani’wi’, islep shi’g’ari’w ko’leminin’ ko’beyip bari’wi’, jumi’s ko’leminin’ wo’siwi ha’m kapitali’ni’n’ ko’beyiwi, basqari’w islerinin’ quramalasi’wi’ sebepli biznesmen ha’m menedjerlerdi jumi’sqa qabi’l yetiwge tuwra keledi. Bul jerde bazar ekonomikasi’ qatnasi’wshi’lari’ arasi’ndag’i’ parq ko’zge taslani’wi’ni’n’ guwasi’ bolami’z.

Demek, biznes- pul tabi’w joli’ndag’i’ ha’reket, bayli’qti’, mu’lkti artti’ri’wg’a umti’li’w bolsa, isbilermenlik bul woylap tabi’w, islep shi’g’ari’w faktorlari’nan puxta paydalani’w ja’rdeminde jan’ali’q jarati’w ha’m woni’ yengiziw yag’ni’y yeskisin jan’alap, jetilistiriw arqali’ islep shi’g’ari’wdi’ qayta quri’w, yag’ni’y ***novatorli’q*** biznes.

Ka’rxana iskerligin na’tiyjeli ali’p bari’w ushi’n biznesmen:

- o’z tarawi’ni’n’ bilimdani’ boli’wi’;
- ekonomika tiykarlari’n biliwi;

- huquqi’y mag’li’wmatli’ boli’wi’;
- psixolog boli’wi’;
- kompyuter texnikasi’n biliwi;
- shet tilin biliwi h.t.b. wo’zgesheliklerge iye boli’wi’ kerek.

Biznes tarawi’nda hesh kim wo’zin jetik qa’nige dep ayta almaydi’. Bizneste absalyut keskin tu’siniklerdi aji’rati’w qi’yi’n. Biznes du’n’yasi’nda belgili teoretik ha’m praktik Gerbert N’yuton Xesonni’n’ «Puldarli’q sanaati’» kitabi’nda pul tabi’w ha’m woni’ artti’ri’w jag’daylari’ haqqi’nda to’mendegi ani’qlamalardi’ bergen.

1. Maqset ani’q bolsi’n.
2. İslenetug’i’n jumi’slardi’ rejelestirin’,
3. Sha’rtnamalardi’n’ turaqli’li’g’i’n ta’miynlen’ ha’m woni’ saqlap qali’n’.
4. Mu’lk yesabi’nan pul tabi’n’.
5. Tani’s-bilislerden paydalani’n’, wolar menen turaqli’ baylani’sta boli’n’.
6. Sati’w mu’mkin bolg’an na’rsege g’ana pul sari’plan’.
7. O’z paydan’i’zdi’ ali’n’.
8. Bahalar arzani’nda sati’p ali’n’, qi’mbatlag’anda sati’n’.
9. O’z bankirlerin’izdin’ so’zlerin ti’n’lan’.
10. Puli’n’i’zdi’n’ aylani’sta boli’wi’n ta’miyinlen’.
11. Qansha pul qoyi’w mu’mkin bolsa, sonsha qari’z ali’n’.
12. Hesh qashan qari’z bermen’.
13. Qari’zdi’ isti rawajlandi’ri’w ushi’n ali’n’
14. Bahani’n’ wo’zgeriwin qadag’alap bari’n’.

Solay yetip, biznes iskerligi bazar ekonomikasi’ni’n’ tiykarg’i’ buwi’ni’ boli’p, bazar ekonomikasi’ sistemasi’ sebepli payda bolg’an. Bazar ekonomikasi’ndag’i’ evolyucion wo’zgerisler biznes iskerligin ekonmikali’q du’ziw sharayatlari’n da wo’zgertip baradi’, wolardi’n’ maqsetleri tu’rlishe boli’p tabi’ladi’. Biznestin’ maqseti, a’dette, payda ali’w ha’m woni’ turaqli’ halg’a keltiriw, paydani’ artti’ri’p bari’w ha’m bayi’p ketiw, payda yesabi’nan kapitaldi’ ko’beytiw boli’p yesaplanadi’. Bunday payda biznestin’ keyingi rawajlani’wi’n

ha’m socialli’q talaplardi’ qanaatlandi’ri’wg’a qarati’lg’an boladi’. Buni’ to’mendegi si’zi’lmadan ko’remiz.




**1-si’zi’lma. Biznestin’ maqseti.**

İsbilermennin’ maqseti bolsa jan’a pikir ha’m ideyalardi’ izlew, analizlew, wo’zinin’ umti’li’wshi’li’q, jarati’wshi’li’q qa’biletlerin ju’zege shi’g’ari’w, wo’z iskerliginde jetiskenliklerge yerisiw boli’p yesaplanadi’.

Biznestin’ yen’ tiykarg’i’ wo’zgesheligi–bul isbilermenlik wo’zbekstan Respublikasi’ni’n’ «İsbilermenlik ha’m isbilermenlik ha’reketinin’ kepillikleri» haqqi’ndag’i’ ni’zami’nda, «İsbilermenlik haqqi’ndag’i’» Ni’zam hu’jjetlerine muwapi’q da’ramat (payda) ali’wg’a qarati’lg’an yuridikali’q ha’m fizikali’q ta’repler ta’repinen wo’nim islep shi’g’ari’w (islerdi wori’nlaw, xi’zmetler ko’rsetiw) joli’ menen ta’wekel yetip ha’m wo’z mu’lkiy juwapkershiligi asti’nda a’melge asi’ri’latug’i’n umti’li’wshi’li’q iskerligi» dep ko’rsetilgen.

Solay yetip isbilermenlerge tu’rli da’wirlerde analizlewshiler ta’repinen tu’rlishe ta’riyipler berip kelingen:

- İsbilermen bul jan’a texnologiya, jan’a islep shi’g’ari’w ha’m jan’a xi’zmet tu’rlerin islep shi’g’ari’wshi’ novator;
- Ta’wekelshilik sharayati’nda ha’reket ali’p bari’wshi’ ku’shli insan.
- Ha’r qanday imkaniyattan payda alatug’i’n adam;
- Aktiv qatnasi’wshi’, isbilermen, socialli’q, ekonomikali’q mexanizmdi du’ziwshi insan;

İsbilermen ha’m biznesmennin’ ha’reket na’tiyjeleri tu’rlishe tamamlanadi’. İsbilermen wo’z qa’bileti yesabi’na isbilermenlik da’ramati’n alsa, biznesmen kiritken kapitali’nan payda aladi’.

Tovarlar ha’m xi’zmetlerdi payda yetiw bazar ekonomikasi’ ushi’n birinshi sha’rt bolg’ani’ ushi’n da woni’n’ tiykari’n isbilermenlik quraydi’. İsbilermenlik ekonomikani’n’ su’yengen tawi’, isengen bag’i’, ha’reketke keltiriwshi ku’shi yesaplanadi’. İsbilermenlik (mu’lkshilik sub’ektleri) materialli’q ha’m pul qa’rejetlerin (kapitaldi’) a’melde xojali’q aylani’si’na tu’sirip, da’ramat tabi’w ushi’n go’zlengen ekonomikali’q xi’zmet boli’p tabi’ladi’.

İsbilermen uli’wma pul tabi’w yemes, ba’lkim do’retiwshilik iskerligi arqali’ da’ramat ali’wdi’ bildiredi. İsbilermen is ju’ritpey turi’p kapital yesabi’nan biypul da’ramat ko’rip, woni’ wo’zlestiriwdi biykar yetedi.

İsbilermenlik ha’reketin a’melge asi’ri’w ushi’n bir qansha tuwma ha’m wo’zine ta’n wo’zgeshelikke iye boli’wi’ za’ru’r. Soni’n’ ushi’n da haqi’yqi’y isbilermenler toli’p tasi’p ati’rg’ani’ joq. Ma’selen, Amerikani’n’ ilimiy izertlewler tiykari’ndag’i’ mag’li’wmatlari’nda miynetke qa’biletligi xali’qti’n’ ha’r 100 inen tek 7 adami’ haqi’yqi’y isbilermen boli’p shi’g’adi’, biznesmenler bolsa ko’p. İsbilermenlik mu’lkiy qatnasi’qlar shen’berinde ju’z beredi. Mu’lkshilik ha’r tu’rli bolg’ani’nday, isbilermenlerde bir qi’yli’ yemes.

İsbilermennin’ za’ru’r wo’zgeshelikleri to’mendegiler:

- g’a’rezsizlik;
- ta’wekelshilik;
- g’a’rezsiz pikirlew;
- o’z ku’shine iseniw;
- jarati’wshi’li’q, novatorli’q qa’bileti;
- ti’ni’msi’z izleniw;
- Umi’ti’li’p islew;
- Mu’lkiy qatnaslardi’n’ qatnasi’wshi’si’ boli’p islep shi’g’ari’w faktorlari’ni’n’ barli’g’i’na yaki bazi’ birewlerine ha’mde jarati’lg’an tovarlarg’a iyelik yetiw;
- Juwapkerlikti biliw;

- Ekonomikali’q yerkinlik, xojali’q ha’reketi tu’rlerin tan’lap woni’ resurslar menen ta’miyinlew, aldi’ satti’ islerin ju’ritiw, islep shi’g’ari’wdi’ basqari’wda yerkinlik;
- Ekonomikali’q ha’reketler ushi’n juwapkershilikti wo’z moyni’na ali’w; is na’tiyjesine juwap beriw, ta’wekel yetip is ju’rite biliw, ekonomikali’q qa’terli iske qol uri’w;
- Payda ali’wg’a umti’li’w; paydag’a yerisiw jollari’n ko’riw, ali’ng’an paydani’ wo’z bilgeninshe isletiw;
- Sawda si’ri’na iye boli’w;
- Ba’sekede qatnasi’w bazarda a’mel qi’li’wshi’ qag’i’ydalarg’a boysi’ng’an halda hadal ba’sekede qatnasi’p, woni’n’ jabayi’ usi’llari’nan waz keshiw;
- Hadalli’q penen is ju’ritiw, aldawshi’li’qqa berilmew. Abroyg’a iye boli’w, basqalarg’a iseniw ha’m basqalar isenimin qazani’w, firma ati’n qa’dirlep, wog’an zi’yan jetkizbew, firmani’ abroysi’zlandi’rmaw;
- Si’rtqi’ wortali’q (sali’q ha’m basqa sho’lkemler, wo’z xi’zmetkerleri h.t.b.) menen baylani’s wornati’w. Qa’dimnen xalqi’mi’z wo’nermentshilik, sawda sati’q isleri menen dan’q taratqan. Ma’selen, zergerlik iskerlik, toqi’wshi’li’q, tigiwshilik, diyxanshi’li’q, sharwashi’li’q usag’an ha’r qi’yli’ talaplari’n qanaatlandi’rarli’ jumi’slar menen ba’nt boli’p wo’z ka’sibi menen ataq shi’g’ari’p kelgen.

Ha’zirgi zaman isbilermeni yen’ aldi’ menen bazardi’ qari’ydarli’ tovarlarg’a tolti’ra alatug’i’n tovar islep shi’g’ari’wshi’lar boli’p tabi’ladi’. İsbilermen aktiv bolmasa ekonomikali’q wo’sim bolmaydi’. İsbilermen ha’reketi a’dette, baylani’s tarawi’nan, sawda-sati’qtan baslap, da’slep usi’ ta’rizde rawajlandi’. Sol sebepli sawda kapitali’ sanaat kapitali’nan yag’ni’y islep shi’g’ari’wg’a sali’natug’i’n kapitaldan aldi’n payda boladi’.

Sawda menen shug’i’llani’wshi’ isbilermenlikten wo’zgeshelikke iye islep shi’g’ari’w menen shug’i’llanatug’i’n isbilermen ko’p kapital, uzaq waqi’t, u’lken ta’jiriybe, ken’ ha’m teren’ bilimler, basqari’w sheshimi ha’m jetik is ku’shin talap yetedi. wol ko’p kapitalg’a iye boli’p ha’reketshen’ boladi’ ha’m ko’p waqi’t talap

yetedi. Ma'selen sawdada 1 mln sumli'q aylani's kapitali' ha'm 1 ay waqi't jeterli bolsa, sanaatta 1 mlrd sumli'q wo'nim jetilistiriw ushi'n 2-3 mlrd sumli'q kapital ha'm 3-4 ay waqi't ketiwi mu'mkin. İslep shi'g'ari'w isbilermennen ekonomikali'q ba'lkim texnikali'q ha'm basqari'w bilimlerin de talap yetedi.

İsbilermen innovaciya ha'reketine kirse, yag'ni'y texnika ha'm texnologiya jan'ali'qlari'n yengiziw menen baylani'sli' bolsa, ekonomikali'q wo'siw jedellesedi.

İsbilermen wo'zi tan'lag'an bankti' tan'lap is ko'redi, bir neshe bankte wo'z pul qa'rejetlerin naq pul yaki naq pulsi'z yesap betinen yesap betine ko'shirip ali'wi' mu'mkin. İsbilermen byudjet penen de yerkin baylani'sta boladi'. Belgilengen sali'q summasi'n byudjetke to'leydi. Byudjetten tu'setug'i'n puldi' wo'zi wo'zlestiredi. wol qa'legen finansli'q kompaniya yaki sho'lkem ha'reketinde qatnasadi'. İsbilermen ushi'n qolay wortali'q bul ekonomikali'q maydanni'n' bar boli'wi' boli'p tabi'ladi'.

Kishi biznes ha'm jeke isbilermenliktin' ekonomikadag'i' u'lesin to'mendegilerden biliw mu'mkin:

- dizimge ali'ng'an, sonday-aq, haqi'yqattan da xi'zmet ko'rsetip ati'rg'an ka'rxanalardi'n' uli'wma sani'ndag'i' u'lesi;
- JİO'de, awi'l xojali'q wo'nimi ko'leminde, quri'li's jumi'slari', sawda ha'm xi'zmet ko'rsetiw salasi'ndag'i' u'lesi;
- ekonomikada ba'nt xali'q sani'ndag'i' u'lesi;
- eksport wo'nimi ko'lemindegi u'lesi.

- Ekonomikali'q reformalardi'n' tiykarg'i' wazi'ypalari' kishi biznes ha'm jeke isbilermenlik ha'zirgi zaman talaplari'na sa'ykes keletin da'rejede rawajlandi'ri'wg'a qarati'lmaqta. yerkin bazar qatnasi'qlari'ni'n' ken' turde rawajlani'wi', adamlardi'n' turmi's jag'daylari'n bekkemlewde, wolardi'n' ku'ndelikli wo'mirindegi wo'zgerislerinen ko'rinbekte.

— Kishi biznes ha'm jeke isbilermenlik sub'ektlerinin' xi'zmeti respublikada xa'rekette bolg'an ni'zamshi'li'q shen'berinde ta'rtipke saladi' ha'm wolardi' qollap-quwatlap turadi'. Bul birinshi gezekte wolardi' sho'lkemlestiriw

ha’m xi’zmet ko’rsetiw boyi’nsha qag’i’ydalardi’ belgilew, menshik qatnasi’qlardi’ ta’rtipke sali’wdi’ ha’m basqada ta’rtiplerdi yengiziw na’zerde tuti’ladi’.

— O’zbekstanda a’melge asi’ri’li’p ati’rg’an ekonomikali’q reformalardi’n’ ha’zirgi basqi’shi’ kishi biznes ha’m jeke isbilermenlikti rawajlandi’ri’w, wog’an ken’ ekonomikali’q yerkinlik beriw menen belgilenedi. Kishi biznes ha’m jnen isbilermenlik tarawi’n rawajlandi’ri’w ma’selesinde ma’mleketimiz ekonomikali’q siyasati’ni’n’ strategiyali’q wazi’ypasi’ si’pati’nda qaralmaqta.

— Makroekonomikali’q turaqli’li’qti’n’ ta’minleniwi ma’mleketimizde biznesti ha’m isbilermenlikti jolg’a qoyi’w, xali’q da’ramatlari’n wo’siriw ushi’n qolayli’ sharayatlar jarati’w mu’mkinshiligin bermekte.

— O’zbekistan Respublikasi’ Prezidenti İ.A.Karimov atap ko’rsetkenindey “Makroekonomikali’q turaqli’li’q biz ushi’n quri’ maqset yemes. Bul na’rse ekonomikani’ janlandi’ri’w ha’m woni’n’ du’zilisin jan’alaw, investiciya iskerligin jedellestiriw, jumi’s wori’nlari’ sani’n asi’ri’w, ba’sekelesiw wo’nimlerin islep shi’g’ari’wdi’ ko’beytiw, xali’qti’n’ real da’ramatlari’n asi’ri’w ushi’n tiyisli sharayatlar jarati’wdi’n’ turmi’sli’q za’ru’r basqi’shi’ si’pati’nda a’hmiyetli”-dep ko’rsetken yedi. Kishi biznes ha’m jeke isbilermenliktin’ ekonomikadag’i’ rolin artti’ri’wda kommerciyali’q bankler aldi’na 2014-ji’l ushi’n belgilep berilgen a’hmiyetli wazi’ypalardan tiykarg’i’si’ banklerdin’ turaqli’li’g’i’n kapitallasi’w da’rejesin ja’ne de asi’ri’wdan ibarat. Ha’zirgi payi’tta usi’ taraw tek ekonomikani’n’ wo’siw ko’rsetkishlerin jedellestiriwde yemes, ba’lki ma’mleketimiz ushi’n wog’ada za’ru’rli bolg’an ba’ntlik ha’m xali’qti’n’ da’ramatlari’n asi’ri’w ma’selelerin sheshiwde de jetekshi wori’n tutpaqta. Son’g’i’ ji’llarda respublikamizda kishi biznes ha’m jeke isbilermenlik penen shug’i’llani’wshi’ ka’rxanalar sani’ ji’l sayi’n arti’p barati’rg’ani’ tarawlardi’n’ u’zliksiz rawajlani’p ati’rg’anli’g’i’nan derek beredi.

— Kishi biznes ha’m jeke isbilermenlik tarawi’ni’n’ ekonomikadag’i’ a’hmiyeti woni’n’ ekonomikada ba’sekilik sha’rayati’n ta’miyinlew, iri ka’rxanalar ushi’n wo’nim ha’m xi’zmetler jetkerip beriw, jan’a jumi’s wori’nlari’n jarati’w

ha’m yekinshiden ba’ntlikti ta’minlew, bazar sistemasi’ni’n’ sa’ykesleniwshiligin artti’ri’w, ilimiy-texnikali’q dag’dari’sti’ jedellestiriw, resurslardi’ islep shi’g’ari’wg’a bag’darlaw, sali’q tu’simleri ko’leminin’ wo’siwin ta’minlew, xali’q da’ramatlari’ da’rejesin turaqlasti’ri’w si’yaqli’ faktorlar menen belgilenedi.

— Kishi biznes ha’m jeke isbilermenlik sub’ektleri ma’mleketimizde jan’a jumi’s wori’nlari’n sho’lkemlestiriw, xali’qti’n’ da’ramatlari’ ha’m, xali’qti’n’ abadanshi’li’g’i’n artti’ri’wda za’ru’rli faktor si’pati’nda joqari’ salmaqli’ ko’rsetkishlerge yie bolmaqta.

— Kishi biznes ha’m jeke isbilermenlik tarawi’na ma’mleket ta’repinen u’lken itibar beriliwi ha’mde qollap-quwatlani’wi’ na’tiyjesinde woni’n’ ma’mlekettin’ jalpi’ ishki wo’nimdegi u’lesi ji’ldan-ji’lg’a arti’p barmaqta.

— 2000-ji’lda jalpi’ ishki wo’nimnin’ derlik 31 procenti ekonomikani’n’ aktiv rawajlani’p barati’rg’an usi’ sektori’ u’lesine tuwra kelgen bolsa, 2008-ji’lda bul ko’rsetkish 48,2 procentin, 2009- ji’lda 50,1 procentin, 2010- ji’lda 52,5 procentin, 2011- ji’lda bolsa 54 procentin, 2013-ji’lda 55,8 2014 ji’lda 56 % ti quradi’ yaki 2000- ji’lg’a qarg’anda 24,8 procentke wo’sti.

— O’zbekstan Respublikasi’ni’n’ aymaqlardag’i’ kishi isbilermenlilik karxanalari’ni’n’ respublika boyi’nsha islep shi’g’ari’lg’an JİO’ degi u’lesi keleshekte joqari’ ko’rsetkishlerge iye boladi’. Respublikami’zda kishi karxanalar ha’m jeke isbilermenler ta’repinen tayar wo’nimler islep shi’g’ari’w da’rejesinin’ wo’siwi jarati’lg’an imkaniyatlardan jedellik penen paydalani’w yesabi’nan ta’minlew mu’mkin. Joqari’da berilgen mag’lumatlarg’a qarag’anda 2015-ji’lg’a bari’p, respublika boyi’nsha kishi biznes ha’m jeke isbilermenler ta’repinen wo’ndiriletin wo’nimnin’ ko’lemi jalpi’ ishki wo’nimdegi u’lesin 61,1% ke jetkeriw, kishi isbilermenlik karxanalari’ni’n’ ji’lli’q wo’nim islep shi’g’ari’w ko’leminin wo’simi 2,5% ten kem bolmag’an jag’dayda g’ana a’melge asadi’.

**Keste-5**

**O’zbekistan Respublikasi’ni’n’ aymaqlari’ndag’i’ kishi ha’m jeke isbilermenlik ka’rxanalarda wo’ndirilgen wo’nimlerdin’ JİO’ (jalpi’ ishki wo’nim)-gi u’lesi (% )**

| Respublika aymaqlari’ | 2000 | 2005 | 2010 | 2015 | 2015-j 2000 j sali’s-da % |
|---|---|---|---|---|---|
| O’zbekistan Respublikasi’ | 30,1 | 38,2 | 52,5 | 66,1 | 213,2 |
| Qaraqalpaqstan Respublikasi’ | 26,9 | 48,9 | 57,9 | 66,9 | 248,7 |
| Walayatlar | | | | | |
| Andijan | 32,9 | 38,7 | 49,9 | 61,1 | 185,7 |
| Buxara | 33,0 | 44,4 | 51,1 | 57,8 | 175,2 |
| Jizzax | 37,1 | 64,4 | 73,0 | 79,8 | 215,1 |
| Qashqada’r’ya | 25,8 | 38,4 | 45,8 | 58,4 | 226,4 |
| Nawayi’ | 21,5 | 20,9 | 33,5 | 46,1 | 214,4 |
| Namangan | 33,4 | 51,4 | 75,4 | 81,4 | 243,7 |
| Samarqand | 44,3 | 54,5 | 68,3 | 78,9 | 178,1 |
| Surxanda’r’ya | 39,1 | 45,9 | 64,8 | 81,7 | 208,9 |
| Si’rda’r’ya | 38,9 | 58,8 | 72,5 | 80,6 | 207,2 |
| Tashkent | 34,0 | 36,3 | 45,6 | 54,9 | 161,5 |
| Ferg’ana | 32,0 | 43,9 | 64,7 | 82,3 | 257,2 |
| Xorezm | 34,2 | 54,2 | 78,3 | 81,9 | 239,5 |
| Tashkent q. | 41,5 | 54,3 | 70,2 | 79,1 | 190,6 |

İsbilermenliktin’ wo’zgeshelikleri woni’n’ to’mendegi tiykarg’i’ wazi’ypalari’n ko’rsetedi:

1. İsbilermen maqsetti ani’q belgileydi, islep shi’g’ari’w da’stu’rlerin du’zedi ha’m wog’an yerisedi. Jer, kapital ha’m miynet resurslari’n, tovar islep shi’g’ari’w ha’m xi’zmetlerdi wori’nlaw maqsetinde wolardi’ bir processke birlestiredi. Umti’li’wshi’li’qti’ wo’z qoli’na aladi’. İsbilermen bir waqi’tti’n’ wo’zinde islep shi’g’ari’wdi’ ha’reketke keltiriwshi ku’sh ha’m wortada turg’an qural boli’p

yesaplanadi’. Paydali’ processlerdi a’melge asi’ri’w ushi’n basqa resurslardi’n’ qosi’li’wi’n ta’miyinleydi. Da’stu’rde maqsetke yerisiwdin’ jollari’, ta’miynat ha’m sati’p ali’w usag’an punktlerde wo’z sa’wleleniwin tabi’wi’ lazi’m. Da’stu’rdin’ punktler sani’ qanday da’wirlerdi wo’z ishine ali’wi’, ka’rxanani’n’ qanday bo’limleri ushi’n du’ziliwi, ishki sharayatlari’ ha’m si’rtqi’ wortali’qti’n’ wo’zgeriwi de wo’z sa’wleleniwin tabi’wi’ maqsetke muwapi’q boli’p yesaplanadi’.

İsbilermen ka’rxana da’stu’rin du’ziwde to’mendegi tiykarg’i’ iske itibar beredi:

- maqsetke qanday yerisiw mu’mkin;
- ka’rxanani’ keleshekte neler ku’tpekte (yag’ni’y islerdi rejelestiriw);

Eger usi’ yeki bag’dar bir-birine uyg’i’nlassa ka’rxana ha’reketi da’stu’rin du’ze ali’wi’ mu’mkin. Da’stu’r du’ziwdi sha’rtli ra’wishte 3 basqi’shqa bo’liw mu’mkin:

1. O’nim sati’latug’i’n bazardi’ analizlew. Analiz 2 ta’repleme u’zliksiz baylani’sqan halda qi’li’nadi’. Birinshisi karxana islep shi’g’arg’an wo’nimnin’ bazardag’i’ jaqsi’ ta’replerin u’yrenip shi’g’i’w, yekinshisi unamsi’z ta’replerin shamalap ko’riw. yeki halda da isbilermen talap ha’m usi’ni’sti’n’ wo’zgeriwi, ilim ha’m texnika jetiskenlikleri, ba’seke wo’zgerisin yesapqa alg’an halda bir ji’ldan bes ji’lg’a shekem boljawi’ kerek.

2. Ka’rxanani’n’ ishki imkaniyatlari’n toli’q yesapqa alg’an halda maqsetti duri’s qoyi’p biliw. yen’ jaqsi’si’ ka’rxanani’n’ ku’shli ta’repleri ha’m kemshiliklerin bir-biri menen sali’sti’ri’p, talap ha’m usi’ni’sti’n’ wo’zgerisine baylani’sadi’. Sali’sti’ri’w na’tiyjesinde qaysi’ imkaniyatqa sa’ykes keliwi, qaysi’si’ni’n’ sa’ykes kelmewi ko’rinip qaladi’. Solar tiykari’nda isbilermen wo’z maqsetin ja’ne bir ma’rte qayta ko’rip shi’g’i’wi’ kerek. Son’ imkaniyat bar bolg’an, aytqani’nan shi’g’a alatug’i’n wazi’ypalar tan’lanadi’.

3. Ka’rxana xi’zmeti rawajlani’wi’ni’n’ yen’ paydali’ wazi’ypalari’nan tan’lap ali’w. Ka’rxanani’n’ resursi’ ha’m si’rtqi’ imkaniyatlari’ ji’yi’ndi’si’ ani’qlanadi’. Bunda tiykari’nan 3 ko’rsetkishke itibar beriw kerek:

a) ka’rxanani’n’ qaysi’ xojali’q formasi’na tiyisliligi, yag’ni’y birewge qanday da bir xojali’q tu’rine qarasli’ma?

b) ka’rxanani’n’ bazar wortali’g’i’nda tutqan worni’, yag’ni’y shi’g’ari’lg’an wo’nimnin’ sapa jag’i’nan da, san jag’i’nan da talapqa qanday da’rejede juwap beretug’i’nli’g’i’;

v) İslep shi’g’ari’li’p ati’rg’an wo’nimler tu’rinin’ ha’r qi’yli’li’g’i’n, yag’ni’y usi’ni’s yetilip ati’rg’an tu’rinin’ talapqa qansha sa’ykes keliwi;

Joqari’da ayti’lg’an ko’rsetkishlerden ko’rip turg’ani’nday, ka’rxana shen’berinde de, bazar sharayati’nda da wo’zinin’ kelip shi’g’i’w ha’m wo’zgesheliklerine qarap boljaw biraz qi’yi’n is. Sol sebepli da’stu’r du’ziwde u’shinshi basqi’shti’ u’yrenip ati’rg’anda qosi’msha ma’sla’ha’tshilerge woylasi’w maqsetke muwapi’q boladi’.

1. İsbilermenliktin’ tiykarg’i’ wazi’ypalari’nan ja’ne biri biznes xi’zmeti menen shug’i’llani’p ati’rg’an ka’rxana xi’zmeti bag’dari’n belgilewshi tiykarg’i’ qararlardi’ qabi’l yetiwde quramali’ wazi’ypalardi’ wo’z ishine aladi’.

2. İsbilermen-kommerciya tiykari’nda jan’a wo’nimlerdi islep shi’g’ari’w, wolardan paydalani’w, jan’a islep shi’g’ari’w texnologiyalari’n yaki biznesti sho’lkemlestiriwdin’ jan’a tu’rlerin ku’ndelikli turmi’sqa yengizip baradi’.

3. İsbilermen – ta’wekelshilik penen wo’z jumi’s waqti’, miynet, jumi’si’ndag’i’ abi’royi’, usi’ni’n’ menen birge wo’zinin’ ha’m wo’z komponentleri yaki akcionerlerinin’ sari’plag’an qarji’lari’n girewge qoyi’p jumi’s ali’p baradi’. İsbilermenge payda ali’w kepilligi berilmegen. Soni’n’ ushi’n ha’m rawajlang’an ekonomikada isbilermenlik qa’bilietine ayri’qsha wori’n beriledi, wol «miynet» tu’sinigine kirmeydi. Sebebi woni’n’ wo’zine ta’n wo’zgeshelikleri, a’hmiyeti bar.

İsbilermen ani’q bir islep shi’g’ari’w xi’zmetin tan’lap ali’p, wo’z ka’rxanasi’n ju’rgizip alg’annan son’, woni’n’ tiykarg’i’ wazi’ypasi’ islep shi’g’ari’w processin u’zliksiz basqari’wdan ibarat boladi’. Bunday jag’dayda isbilermennin’ woyi’nsha wol ha’mme jerde za’ru’rge uqsaydi’, wol si’z hesh qanday is pitpeydi. Biraq bunday woylaw negizinde duri’s yemes. Barli’q

wazi’ypalardi’ moyni’na ju’klew duri’s yemes, sebebi islep shi’g’ari’w processinde sonday jag’daylar boladi’, basqalar usi’ isti jaqsi’raq wori’nlawi’ mu’mkin. wol isbilermenlik penen is ali’p bari’wi’ kerek. Ma’selen: qa’nigeler ma’selesinde, qa’rejet islew, islep shi’g’ari’w processin ta’miyinlew ma’selesinde isbilermen, birinshi wori’nda jaqsi’ sho’lkemlestiriwshi.

İsbilermen wo’zinin’ joqari’da ayti’p wo’tilgen xi’zmet wazi’ypalari’n a’melge asi’ri’wda ka’rxanani’n’ islep shi’g’ari’w processi da’stu’rin du’ziw, sistemali’ basqari’w, ekonomikali’q analiz yetiw, ka’rxana kelejegin boljaw si’yaqli’ ilim – pa’n jetiskenliklerinen u’nemli paydalanatug’i’n jetik bilimlerdi qollani’w maqsetke muwapi’q boli’p yesaplanadi’.

## 1.3 Kishi biznes ha’m isbilermenlikti a’melge asi’ri’w ila’jleri ha’m basqi’shlari’

Biznes ha’m isbilermenliktin’ joqari’da ayti’lg’an mazmuni’ ha’m wo’zgesheliginen kelip shi’g’i’p biznestin’ jasawi’ ha’m rawajlani’wi’ ushi’n to’mendegi ila’jler za’ru’r:

- mu’lkke iyelik yetiw ha’m aqi’rg’i’ na’tiyjege yerisiw ha’m sonday-aq materialli’q shiyki zatqa iyelik yetiw huqi’qi’n ali’w yaki wol huqi’qti’ basqalarg’a wo’tkeriw imkaniyati’;
- xojali’q sub’ektlerin g’a’rezsiz xi’zmet ko’rsete ali’wi’, wolardi’n’ xojali’q xi’zmetinde ekonomikali’q ta’repten yerkin boli’wi’: sonday-aq sha’rtnama du’ziwde, qosi’li’wda, xi’zmet tu’rin tan’lawda, tuti’ni’wshi’lardi’ tan’lawda;
- almaslawdi’ rawajlandi’ri’w, yag’ni’y tovar-pul qatnasi’qlari’ni’n’ baylani’sli’li’g’i’, sonday-aq miynetti yerkin ra’wishte almaslaw, basqasha aytqanda – bazarg’a yerkin kiriw imkaniyatlari’ni’n’ boli’wi’.

Biznes xi’zmetin a’melge asi’ri’w sha’rt-sharayatlari’ ishki ha’m si’rtqi’ sharayatlarg’a bo’linedi:

- ishki sharayatlar-kapital yaki qarji’ iyeleri, menedjerler ha’m jallanba miynet ku’shleri wortasi’ndag’i’ qatnasi’qtan quraladi’;

**Biznes xi’zmeti qatnasi’wshi’li’ri’ni’n’ ma’pleri**

**Keste-6**

| **Biznes xi’zmeti qatnasi’wshi’lari’** | **Ma’pler** |
|---|---|
| I.İshki sharayatlar: | |
| 1. Kapital iyesi | -Kapitaldi’ saqlaw ha’m ko’beytiriw;<br>-Turaqli’ payda ali’p turi’w;<br>-Aqi’rg’i’ tu’rde sheshiwshi qararlar qabi’l yetiw huqi’qi’. |
| 2. Menedjerler | -Payda ali’w ha’m firmani’n’ rawajlani’wi’n ta’miyinlew;<br>-Jeke ma’pler (g’a’rezsiz boli’w, hu’kimdar boli’w); |
| 3.Jallanba jumi’sshi’lar | - Joqari’ is haqi’;<br>- Jumi’s worni’n jog’ali’tpawi’ ushi’n isenim;<br>- Jaqsi’ miynet sharayatlari’ ha’m joqari’ da’rejedegi socialli’q qorg’aw; |
| II. Si’rtqi’ wortali’q. | |
| 1. Ma’mleket ha’m ja’miyetshilik. | - Jumi’s wori’nlari’n jarati’w, socialli’q jag’day;<br>- Du’n’ya bazari’nda ba’sekelesiw qa’bileti;<br>- Baha da’rejesinin’ belgili da’rejede turi’wi’;<br>- Ja’ne ha’kimlikke qarsi’ gu’res sharalari’ menen bazar qatnasi’qlari’n saqlap turi’wdi’ qollap-quwatlaw;<br>- Si’rtqi’ wortali’qti’ ha’m tuti’ni’wshi’lar ma’plerin qorg’aw. |
| 2. Shiyki zat jetkerip beriwshiler. | - Joqari’ da’ramat ha’m kem qa’rejetler;<br>- Sha’rtnama qatnasi’qlari’ni’n’ turaqli’li’g’i’ |
| 3. Kreditorlar. | - Joqari’ procentler:<br>- Kreditti qaytari’w kepilligi;<br>- Firmag’a ta’sir qi’li’wshi’ imkaniyati’. |
| 4. Tuti’ni’wshi’lar. | - Ken’ tan’law imkaniyati’;<br>- wo’nimnin’ joqari’ sapada boli’wi’;<br>- Bahani’n’ arzan da’rejede boli’wi’;<br>- Servis xi’zmetlerinin’ joqari’ da’rejede boli’wi’. |

- si’rtqi’ wortali’q yaki sharayatlar-biznes xi’zmetin sho’lkemlestiriwshiler menen ma’mleket ha’m socialli’q sholkemler, du’zilmeler, shiyki zat jetkerip beriwshiler, kreditorlar ha’m tuti’ni’wshi’lar wortasi’ndag’i’ baylani’sli’li’q, wolardi’n’ bir-birine wo’z-ara ta’siri menen an’lati’ladi’. Bunda jumi’s wori’nlaw waqti’ndag’i’ qatnasi’klar sistemasi’na tarti’w, tarti’lg’an ha’r bir kontragentler a’lbette wo’z ma’plerin ko’zleydi. Bul ma’pler joqari’dag’i’ kestede keltirilgen: A’lbette bunday ha’r –tu’rli ma’plerdi a’melge asi’ri’w bir qansha qi’yi’n jumi’s, ayri’m jag’daylarda bul talaplardi’ a’melge asi’ri’w tarti’ssi’z bolmaydi’.

Biznes xi’zmetin a’melge asi’ri’w sha’rt-sharayatlari’ a’lbette birdey bolmaydi’, wolar wo’zgerisi menen biznes xi’zmeti sho’lkemlestiriwdin’ ekonomikali’q jaqtan ha’m wo’zgeredi. Bularg’a sebep:

4. Ma’mleket social sho’lkeminin’ ekonomikali’q abroyi’ni’n’ wo’sip bari’wi’ menen social buyi’rtpalardi’n’ xarakteri de wo’zgeredi. Ma’mleket tek g’ana buyi’rtpashi’ boli’p qalmastan (jeke tuti’ni’wshi’lar ha’m firmalar menen bir qatarda) ba’lkim bazar ekonomikasi’n basqari’wshi’ biznes xi’zmetin qadag’alap bari’wshi’ boli’p ju’zege shi’g’adi’.

5. Kredit-finans sitemasi’ni’n’ rawajlani’wi’ menen biznes xi’zmeti ko’birek qari’z ali’p islewine baylani’sli’ boli’p qaladi’.

6. Biznes-xi’zmeti processinde mu’lkke qatnas wo’zgerdi. Basqari’wshi’ni’n’ mu’lkinen ajrati’li’wi’ na’tiyjesinde biznes – xi’zmetinin’ sub’ekti boli’p menedjer – usi’ ka’sip iyesi boli’p qaladi’. Uli’wma basshi’li’qti’ bunda, mu’lk iyesi wori’nlay beredi.

Usi’lardan kelip shi’qqan halda, zamanago’y biznes-xi’zmeti tuwri’dan-tuwri’ islep shi’g’ari’wdi’ sho’lkemlestiriwshiler ha’m shaxslar, sho’lkemler, du’zilmeler wortasi’ndag’i’ qatnaslar sistemasi’n an’latadi’. wolar bolsa, biznes xi’zmetinin’ ishki ha’m si’rtki’ wortali’g’i’n belgileydi.

# II-BAP. EKONOMIKANI’ YERKINLESTIRIW JAG’DAYI’NDA AGRAR SEKTORDI’ RAWAJLANDI’RI’WDA KISHI BIZNES KA’RXANALARI’NI’N’ A’HMIYETI

## 2.1. Ekonomikada kishi biznestin’ mazmuni’ ha’m abzalli’qlari’

Ka’rxanalar ko’lemi boyi’nsha: iri, worta ha’m kishi ka’rxanalarg’a bo’linedi. wolardi’ u’lkenligin ani’qlawda to’mendegi ko’rsetkishler ko’rsetiledi.

A) Tiykarg’i’ islep shi’g’ari’w fondlari’ni’n’ quni’;

B) Jumi’sshi’ ha’m xi’zmetkerlerdin’ sani’;

V) Ji’lli’q wo’nim ko’lemi:

Kishi biznes, kishi ka’rxana, jeke firmalar si’yaqli’ tu’sinikler bazar ekonomikasi’nda ko’p isletiletug’i’n boli’p bizin’ ku’ndelikli turmi’si’mi’zg’a ko’birek kirip barmaqta.

Bul tu’sinikler qanday tu’sinik boli’p yesaplanadi’, kishi ka’rxanalardi’ jarati’w tiykarlari’ wolardi’n’ xi’zmet ko’rsetiwi ta’rtibi nelerden ibarat?

Jeke isbilermenliktin’ sub’ektleri ka’rxanalar boli’p, wolarda jumi’sshi’lar sani’ ni’zam menen belgilengen da’rejesinen aspaydi’. Kishi biznestin’ ko’lemin ani’qlaw za’ru’rligi wolardi’n’ xi’zmetin jaqsi’law maqsetinde ma’mleket ta’repinen qollap-quwatlawdi’ xoshametlew menen belgilenedi. Kishi ha’m worta ka’rxanalardi’ wo’z aldi’na toparlarg’a ajrati’wdi’n’ za’ru’rligi wolar xi’zmetinin’ na’tiyjeligin analiz yetiw arnawli’ ilimiy baqlawlar ali’p bari’w wolardi’n’ ekonomika sistemasi’ndag’i’ a’hmiyeti ha’m tutqan worni’n ani’qlawdan ibarat.

Bazar ekonomikasi’ ju’rgizilip ati’rg’an barli’q ma’mleketlerde kishi ha’m worta, iri ka’rxanalardi’ aji’rati’wda to’mendegi kriteriyalar, da’wirler paydalani’ladi’:

1) Mug’darli’q ko’rsetkishler-islewshiler sani’ sati’latug’i’n wo’nim ko’lemi tiykarg’i’ kapitaldi’n’ balans mug’dari’.

2) Sapa ko’rsetkishi – az ko’lemde islep shi’g’ari’latug’i’n wo’nim ko’lemi, sheklengen ko’lemdegi resurslar ha’m islep shi’g’ari’w quwati’, kem rawajlang’an basqari’w sistemasi’ h.t.b. lar.

3) Aralas ko’rsetkishleri –bular birinshi ha’m yekinshi topar ko’rsetkishleri: transport ji’li’na 3,5 ten 20 mln doll; shekem, qurli’sta 9 dan 21 usaqlap sati’w 15-den 35 –shekem ko’tere sati’w 3,5 ten 13,5 mln doll shekem, xi’zmet ko’rsetiw tarawi’nda 2,5 ten 14,5 mln dollg’a shekem wo’nimnen tu’sim alg’an ka’rxanalar kiredi.

4) O’zbekstan Respublikasi’ ni’zamshi’li’g’i’ ka’rxanalar ko’lemin aji’rati’w da’wirlerine bir qansha wo’zgerisler kiritken bul bolsa bazar ekonomikasi’na wo’tiw da’wirindegi jag’daylardi’n’ wo’zgerip bari’wi’ni’n’ na’tiyjesi boli’p tabi’ladi’. Xojali’q a’meliyati’ ja’miyet social-ekonomikali’q turmi’s ha’m xojali’q ju’ritiw usi’llari’nda bazar qatnasi’qlari’nda boli’p wo’tetug’i’n wo’zgerislerden derek beredi.

İclep shi’g’ari’w tarawlari’nda ba’nt bolg’an jumi’sshi’lardi’n’ wortasha ji’lli’q sani’ 20 adamnan, xi’zmet ko’rsetiw tarawi’ xa’m basqa islep shi’g’ari’wg’a baylani’sli’ bolmag’an tarmakaqlarda 10 adamnan usaqlap, ko’tere sawda ha’m uli’wma awqatlani’w tarawi’nda 5 adamnan aspag’an mikrofirmalar.

To’mendegi tarawlardi’n’ wortasha ji’lli’q jumi’sshi’lar sani’: jen’il ha’m azi’q-awqat sanaati’, metallg’a islew beriw ha’m ag’ashti’ qayta islew, mebel sanaati’ quri’li’si’, materiallar sanaati’ 100 adamnan;

Mashinasazli’q, metallurgiya, jani’lg’i’-energetika ha’m ximiya sanaati’, awi’l-xojali’q wo’nimlerin jetilistiriw ha’m qayta islew, quri’li’s ha’mde basqa sanaat –islep shi’g’ari’w tarawlari’ 50 adamnan:

Pa’n ilimiy xi’zmet ko’rsetiw, transport, baylani’s xi’zmet ko’rsetiw tarawi’ (qamsi’zlandi’ri’w kompaniyalari’nan ti’sqari’), sawda ha’m uli’wma awqatlani’w ha’mde basqa islep shi’g’ari’wg’a baylani’sli’ bolmag’an.

Ko’lemi-25adamnan aspag’an kishi ka’rxanalar.

Mikrofirmalar ha’m kishi ka’rxanalardi’n’ wortasha ji’lli’q jumi’sshi’lar sani’n ani’qlawda shuba ka’rxanalar, filallar ha’m wa’killikte islewshi jumi’sshi’lar sani’ da yesapqa ali’nadi’.

-diyxan xojali’g’i’- wo’z xi’zmetin yuridikali’q ta’rep spati’nda a’melge asi’ri’wshi’ ha’m sem’ya basshi’si’na wo’mirlik miyras yetip berilgen wo’z

uchastkasi'nda sem'ya ag'zalari'ni'n' jeke miynetleri tiykari'nda sem'yali'q mayda wo'nimler islep shi'g'ari'wshi' xojali'qlar.

-fermer xojali'g'i'-fermer xojali'qlari' ag'zalari'ni'n' xi'zmetine tiykarlang'an, wog'an uzaq mu'ddetke paydalani'wg'a ijarag'a berilgen jer uchastkalari'nda awi'l xojali'q wo'nimlerin islep shi'g'ari'wdi' a'melge asi'ratug'i'n yuridikali'q ta'rep huqi'qi'na iye bolg'an g'a'rezsiz xojali'q sub'ektleri.

Ka'rxana ko'lemin aji'rati'wdi'n' bunday da'wirleri wolardi' sali'qqa tarti'wdag'i' jen'illiklerdi ani'qlaw, kishi biznes qollap-quwatlawdi'n' ani'q sharalari'n islep shi'g'i'w wo'zbekstanda kishi ka'rxanalardi' ko'beytiw menen baylani'sli' bolg'an infrastruktura sho'lkemlerini'n' xi'zmetin jetilistiriw imkanyati'n jarati'w. Bizde kishi biznes sub'ektlerin yen' tiykarg'i' ko'rsetkishi bul jumi'sshi' ha'm xi'zmetkerler sani' yesaplanadi'.

Bul ko'rsetkish firmadag'i' barli'q jumi'sshi'lar sani', mi'sali' sha'rtnama tiykari'nda ha'm qosi'msha ra'wishte islep ati'rg'an jumi'sshi'lardi'n' haqi'qi'y islegen waqi'ti' ham sonday-aq filiallarda, ka'rxanalarda basqa wori'nlarda turg'an jumi'sshi'lar sani'n yesapqa alg'an halda ani'qlanadi'. yeger kishi ka'rxanada jumi'sshi'lar sani' belgilengen normadan arti'p ketse usi' mu'ddet dawami'nda ha'm wonnan keyingi u'sh ay dawami'nda jen'illikler biykar yetiledi.

Bizin' pikirimizshe ka'rxanalar ko'lemin ani'qlawda wolardi'n' ji'lli'q wo'nim ko'lemi, islep shi'g'ari'w quwatli'li'g'i' ha'm yaki kapital mug'dari'n yesapqa ali'w za'ru'r. Ha'zirgi zaman ilim-texnika jetiskenliklerin islep shi'g'ari'wg'a kiritiliwi ka'rxanalardag'i' jumi'sshi'lar sani'n a'lbette kemeytiredi. Bug'an sebep awi'r jumi'slar jen'illesedi, fizikali'q miynettin' belgili bo'legi aqli'y miynet penen almasadi'. Demek belgili mug'dardag'i' jumi'sshi'lar islep shi'g'ari'wdan bosati'ladi'. Ha'r tu'rli ma'mleketlerde ka'rxanalar ko'lemin ani'qlawdi'n' wo'zine ta'n wo'zgeshelikleri isletiledi.

Evropa awkami'ni'n' usi'li'na muwapi'q kishi ham worta ka'rxanalar to'mendegi kestedegi ko'rsetkishler arqali' ani'qlanadi':

**Keste-7**

**Ka’rxana ko’lemin ani’qlaw da’wirleri**

| Ka’rxana | Ba’nt bolg’an Jumi’sshi’lar sani’ (adam) | Ji’lli’q aylani’s (mln. yevro) | Balans (mln.evro) |
|---|---|---|---|
| Adam | 50 den kem | 4 den kem | 2 den kem |
| Ortasha | 50-250 | 16 dan kem | 8 den kem |

Si’rt yel ma’mleketlerinde mi’sali’, Franciyada 10 adamg’a shekem jumi’sshi’si’ bolg’an ka’rxanalar, wo’nermentshilik ka’rxanalari’ yesaplanadi’.

AQSh ta kishi biznes ka’rxanalari’na 500 shekem jumi’sshi’lari’ bolg’an ka’rxanalar kiritiledi. wolar tarawda jetekshi wori’nda yemes. Kishi ka’rxanalar u’lkenligin aji’rati’wda ka’rxanalardi’ tarawg’a tiyisliligi boyi’nsha, ji’lli’q wo’nim ko’leminde, da’ramat tiykar qi’li’p ali’nadi’.

Germaniyala jumi’sshi’lar sani’ ha’m iri aylani’s ko’rsetkishi isletiledi. Bul jerde kishi karxanalarg’a 10 shekem, wortasha ka’rxanalar qatari’na 50 shekem jumi’sshi’ boli’p, Ji’lli’q aylani’s 100 mln markag’a jetken ka’rxanalar kiritiledi.

Franciyada kishi biznes tu’sinigine 10 nen 50 shekem jumi’sshi’lari’ bolg’an mikrofirmalar; kishi ha’m worta ka’rxanalarg’a 50 den 500 shekem jumi’sshi’ bolg’an ka’rxanalar kiritiledi.

Gollandiyada kishi firmalar qatari’na 10 shekem, worta firmag’a 100 shekem jumi’sshi’si’ bolg’an islep shi’g’ari’wlar kiredi.

Bunday ka’rxanalardi’n’ ha’r biri bazarda joqari’ wori’n iyeley almaydi’. Bul jerde barli’q xojali’q-basqari’w islerin ka’rxana iyesinin’ wo’zi ali’p baradi’. Jeke isbilermen sub’ektleri (qatnasi’wshi’lar) toli’q, ta’wekelshilik penen xi’zmet ko’rsetiwshi yuridikali’q ta’repler yesaplanadi’.

Olar xi’zmeti wo’z miyneti yaki jallag’an miynet ku’shinen ta’wekelshilik ha’m mu’lk juwapkirshiligin wo’z juwapkershiligne ali’w menen wo’zlerinin’ yaki basqa ta’replerdin’ tarti’lg’an mu’lkler tiykari’nda tovar islep shi’g’ari’w ha’m xi’zmetler ko’rsetiw payda (da’ramat) ali’wg’a qarati’lg’an kishi biznes ha’m jeke isbilermenlik sub’ektleri boli’p yuridikali’q ta’rep bolmay turi’p isbilermenlik xi’zmeti menen shug’i’llani’wshi’ ta’repler yesaplanadi’.

Kishi firma-bul sonday ka’rxana wol basqa ka’rxanalarg’a baylani’sli’ bolmag’an halda a’mel qi’ladi’. Usi’ menen birge wol wo’z biznesi tarawi’nda ko’zge ko’rinbeydi. Ko’binshe kishi firmalar bir adamg’a yaki sem’yag’a tiyisli boladi’ ha’m sonday-aq wortali’q birlespe tu’rinde ha’m jarati’ladi’. Ko’p jag’dayda kishi biznesmenler ha’m menedjerlerde, finansistlerde mu’lk iyesi boli’p yesaplanadi’. Demek firmani’ basqari’w jumi’slari’ usi’lardi’n’ wo’zi menen sheklenedi. Xi’zmetshiler a’dette ka’rxana qay jerde bolsa sol jerde jasaydi’. Biraq firma ushi’n baza usi’ firma jaylasqan aymaqda ha’m sonday-aq wonnan ti’sqari’da ha’m boli’wi’ mu’mkin.

To’mendegi 2 kesteden, 2012 ji’l 1 yanvar’ jag’dayi’na bolg’an ra’smiy statistikali’q mag’li’wmatlar boyi’nsha, kishi biznes ha’m jeke isbilermenlik sub’ektlerinin’ ekonomika tarmaqlari’ boyi’nsha da jarati’lg’an tovar ha’m xi’zmetlerdegi u’lesi keyingi 10 ji’lda turaqli’ ha’m bir qatar arti’p barati’rg’anli’g’i’n ko’riwimiz mu’mkin.

**Keste-8**

**2006-2014 ji’llarda O’zbekistan Respublikasi’ ekonomika tarmaqlari’nda kishi biznes ha’m jeke isbilermenliktin’ u’lesi (protsent yesabi’nda)**

| Tarmaq | 2006 | 2007 | 2008 | 2009 | 2010 | 2011 | 2012 | 2013 | 2014 | 2006-2014 ji’llarda wortasha |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Sanaat | 15,9 | 10,1 | 9,4 | 10,0 | 13,2 | 13,9 | 14,6 | 16,9 | 18,9 | 13,1 |
| Awi’l xojali’g’i’ | 74,9 | 81,1 | 85,7 | 93,9 | 97,5 | 97,8 | 97,9 | 98,2 | 99,6 | 88,9 |
| Quri’li’s | 41,3 | 49,8 | 48,2 | 51,0 | 55,4 | 58,5 | 58,7 | 59,2 | 61,2 | 50,9 |
| Usaqlap sati’w | 43,4 | 42,2 | 43,7 | 45,3 | 48,2 | 47,2 | 46,5 | 46,7 | 48,3 | 45,3 |
| Pulli’ xi’zmetler | 41,3 | 47,9 | 52,5 | 50,8 | 50,1 | 48,5 | 48,7 | 48,9 | 52,3 | 47,4 |

Kestege mag’li’wmatlari’ boyi’nsha, 2014 ji’lda kishi biznes ha’m jeke isbilermenliktin’ sanaattag’i’ u’lesi derlik 19 protsentti, awi’l xojali’g’i’ndag’i’ u’lesi 99,6 protsentti, quri’li’stag’i’ u’lesi 61,2 protsentti, usaqlap sati’wdag’i’

u’lesi 48,3 protsentti ha’m hali’qqa pulli’ xi’zmetler ko’rsetiwdegi u’lesi bolsa 52,3 protsentti payda yetpekte.

Barli’q isbilermenler ushi’n birdey, ten’ mu’mkinshilikler beretug’i’n jaqsi’ ekonomikali’q wortali’q kishi biznes ha’m jeke isbilermenlik wo’siwinin’ tiykarg’i’ sha’rtlerinen biri yesaplanadi’. Kishi biznes ha’m jeke isbilermenlikti qollap quwatlawg’a bag’darlang’an ekonomikali’q siyasat O’zbekistan hu’kimeti ushi’n tiykarg’i’ basli’ bag’darlardan biri yetip belgilengen ha’m woni’n’ ushi’n da kishi biznes ha’m jeke isbilermenlik rawajlani’wi’ ushi’n za’ru’r huqi’qi’y, sho’lkemlestiriwshilik ha’m ekonomikali’q tiykarlardi’ jetilistiriwge ayi’ri’qsha itibar berilmekte.

Kishi biznes ha’m jeke isbilermenlik sektori’nda islep shi’g’ari’li’p ati’rg’an wo’nimnin’ wo’siw pa’tleri ha’m ko’lemi keyingi ji’llarda arti’p barmaqta, bul ka’rxanalar sani’, miynet na’tiyjeliliginin’ arti’wi’ ha’m jan’a texnologiyalardi’n’ qollani’li’wi’ menen boldi’. Kishi biznes ha’m jeke isbilermenliktin’ si’rtqi’ ekonomikali’q xi’zmeti de a’ste-aqi’ri’n arti’p barmaqta. Hu’kimet isbilermenlik sub’ektlerinin’ si’rtki’ ekonomikali’q xi’zmetin ken’eytiw ushi’n sha’rayat jaratpaqta. Olar texnologiyali’q a’sbap-u’skenelerdi ali’p kiriwde import baji’lari’n to’lewden azat yetilgen. Respublikag’a jan’a texnologiyalardi’ ali’p kiriw kishi biznes ha’m jeke isbilermenlik ka’rxanalari’na du’n’ya ju’zlik bazari’nda ba’sekege shi’damli’ wo’nimdi islep shi’g’ari’w ha’m yeksportqa sati’w mu’mkinshiligin beredi.

Kishi biznes ha’m jeke isbilermenlik sub’ektlerinin’ ma’mleket JI’O’indegi u’lesi ji’ldan-ji’lg’a ashi’p beriwi ku’tilmekte, keyingi ji’llarda respublikami’zda kishi biznes ha’m jeke isbilermenlik jedel rawajlani’wi’ ushi’n jarati’li’p ati’rg’an mu’mkinshilikler ha’m jan’a qa’demler si’pati’nda to’mendegilerdi belgilep wo’tiw mu’mkin:

## 2.2 Awi’l xojali’g’i’ndag’i’ ekonomikali’q reformalardi’n’ na’tiyjeleri

Prezidentimiz awi’l xojali’g’i’nda a’melge asi’ri’lg’an ekonomikali’q reformalar arqali’ yerisilgen na’tiyjeleri haqqi’nda toqtalar yeken, wo’tken ji’lda awi’l xojali’g’i’ wo’nimlerin islep shi’g’ari’w wo’nimdarli’g’i’n ja’nede artti’ri’w u’lken a’hmiyetke iye yekenligin yesapqa ali’p, fermer xojali’qlari’na aji’rati’li’p ati’rg’an jer maydanlari’n woptimallasti’ri’w boyi’nsha za’ru’r isler a’melge asi’ri’lg’anli’g’i’n, da’slep zi’yan ko’rip isleytug’i’n, rentabelligi to’men ha’m keleshеksiz shirket xojali’qlari’n bu’gingi ku’nde haqli’ tu’rde awi’llarda jetekshi buwi’ng’a– awi’l xojali’q wo’nimlerin islep shi’g’ari’wshi’ tiykarg’i’ ku’shke aylang’anli’g’i’n ayti’p wo’tti.

Fermer xojali’qlari’ rawajlang’an ma’mleketlerdin’ uzaq da’wirli ta’jiriybesinde wo’ziniin’ wo’nimdarli’g’i’, ba’sekige shi’damli’li’g’i’, bazar kon’yunkturasi’na tez iykemlese ali’wi’ uqsag’an wo’zgesheliklerin wo’zinde su’wretley aldi’. Sog’an baylani’sli’, wo’zbekstanda da fermer xojali’qlari’ni’n’ rawajlani’wi’na u’lken itibar qarati’li’p, wolar xi’zmetinin’ za’ru’r ekonomikali’q sha’rt-sharayatlari’ jarati’ldi’, normativlik-huquqi’y tiykarlari’ islep shi’g’i’ldi’.

O’zbekstanda bazar qatnasi’qlari’na wo’tiw sharayati’nda fermer xojali’qlari’ni’n’ payda boli’wi’ agrar reformalardi’n’ tiykarg’i’ mazmuni’n quradi’. Fermer xojali’qlari’ni’n’ payda yetiliwi basqi’shpa-basqi’sh ha’m izbe-izlik tiykari’nda ali’p bari’ldi’.

Prezidentimiz wo’z miynetlerinde ma’mleketimizde fermer xojali’qlari’n materialli’q-texnikali’q ta’miyinlew ha’m qarji’law boyi’nsha bazar ekonomikasi’ principlerine toli’q juwap beretug’i’n isenimli sistema ha’m mexanizmler rawajlandi’ri’lg’anli’g’i’ ha’m jaqsi’ xi’zmet ko’rsetip ati’rg’anli’g’i’na ayi’ri’qsha itibar qaratti’.

**Qaraqalpaqstan Respublikasi' boyi'nsha ekonomika tarawlari'nda kishi biznestin' u'lesi (% yesabi'nda)**

**Keste-9**

| № | Qala ha'm rayonlar ati' | Jalpi' ayma qli'q wo'ni m | Sanaa t wo'ni mleri | Awi'l xojali 'q jalpi' wo'ni mi | Quri' li's jumi' slari' | Usaql ap sati' w sawd a aylan i'si' | Xali' qqa pulli' xi'zm et ko'rs etiw | Ja'mi xi'zm etler | Ju'k tasi' w | Jola wshi ' tasi' w |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | Respublika boyi'nsha | 63,6 | 23,0 | 95,1 | 64,8 | 45,2 | 44,2 | 51,3 | 48,6 | 89,6 |
| 1. | A'miwda'r'ya rayoni' | - | 19,3 | 96,7 | 78,2 | 34,1 | 40,2 | 54,8 | 65,9 | 99,1 |
| 2. | Beruniy rayoni' | - | 30,2 | 93,2 | 83,6 | 67,1 | 32,4 | 51,7 | 87 | 97,0 |
| 3. | Qanli'ko'l rayoni' | - | 96,9 | 99,1 | 94,3 | 36,2 | 30,0 | 38,8 | 21,6 | 87,9 |
| 4. | Qarao'zek rayoni' | - | 93,1 | 93,7 | 92,4 | 22,2 | 28,2 | 54,2 | 29,4 | 87,8 |
| 5. | Kegeyli rayoni' | - | 6,7 | 93,1 | 98 | 42,5 | 23,2 | 45,0 | 46,1 | 97,3 |
| 6. | Qon'i'rat rayoni' | - | 34,2 | 92,7 | 22,9 | 46,8 | 33,6 | 30,4 | 54,3 | 84,1 |
| 7. | Moynaq rayoni' | - | 0,3 | 91,9 | 98,0 | 40,9 | 44,7 | 23,2 | 43,5 | 70,5 |
| 8. | No'kis rayoni' | - | 84,6 | 93,4 | 94,2 | 70,9 | 26,4 | 36,8 | 49,9 | 88,7 |
| 9. | Taxtako'pir rayoni' | - | 63,4 | 92,1 | 97,4 | 17,3 | 34,1 | 60,7 | 69,9 | 72,5 |
| 10. | To'rtku'l rayoni' | - | 18,1 | 96,2 | 91,0 | 30 | 26 | 51,8 | 41,5 | 73,6 |
| 11. | Xojeyli rayoni' | - | 24,5 | 96,7 | 85,3 | 48,8 | 40,4 | 60,3 | 77,6 | 96,8 |
| 12. | Shi'mbay rayoni' | - | 57,2 | 95,8 | 87,5 | 42,8 | 29,5 | 38,4 | 38 | 93,0 |
| 13. | Shomanay rayoni' | - | 76,2 | 100,0 | 90,0 | 48,9 | 26,3 | 48,4 | 22 | 84,4 |
| 14. | Ellikqala rayoni' | - | 11,0 | 96,8 | 96,5 | 45,3 | 25,0 | 47,4 | 85,7 | 99,8 |
| 15. | No'kis qalasi' | - | 32,9 | 100,0 | 78,7 | 45,7 | 55 | 56,8 | 45,6 | 89,5 |
| 16. | Taxiatas qalasi' | - | 6,5 | 97,3 | 14,2 | 73 | 27,5 | 41,5 | 67,1 | 95 |

4-kesteni analizlegenimizde Qaraqalpaqstan Respublikasi' boyi'nsha ekonomika tarawlari'nda kishi biznes u'lesi, awi'l xojali'gi'nda 95,1% jolawshi' tarawi'nda 89,6 %ti quraydi' ha'm bul tarawdarda kishi biznes jaqsi' rawajlang'an rayonlar boyi'nsha sanaat wo'nimlerin islep shi'g'ari'w tarawi'nda Qanli'ko'l rayonlari'nda 96,9%ti, awi'l xojali'g'i' tarawi' boyi'nsha 100%ti quri'li's tarawi'nda Moynaq rayoni'nda 98% jolawshi' tasi'w tarawi' boyi'nsha yellikqala

rayoni'nda 99,8%, Amiwdar'ya rayoni'nda 99,1 %i kishi biznestin' u'lesine tuwra keledi.

Ha'r ji'li' fermer xojali'qlari'n qollap-quwatlaw ushi'n u'lken mug'darda materialli'q resurs ha'm qa'rejetler aji'rati'lmaqta. Tek g'ana 2013-ji'ldi'n' wo'zinde awi'l xojali'q wo'nimlerinin' yen' basli' tu'rlerin jetistiriw ushi'n 1 trillion su'm, soni'n' ishinde, paxta tayarlawg'a – 800 milliard su'm, g'a'lle jetistiriwge – 200 milliard su'm qa'rejet avans yesabi'nda berildi. 2014 ji'lda usi' maqsetler ushi'n 1 trillion 200 milliard su'm jumsaldi'. Awi'l xojali'q texnikasi'n lizing tiykari'nda sati'p ali'w boyi'nsha arnawli' payda yetilgen Fond yesabi'nan usi' maqsetler ushi'n wo'tken ji'li' 43 milliard su'mnan ziyat qa'rejet aji'rati'lg'an bolsa, usi' ji'lda 58 milliard su'mnan arti'q qa'rejet jumsaw jobalasti'ri'lmaqta.



O’zbekstan Respublikasi’ Prezidentinin’ 2012 ji’l 6 woktyabr’degi F-3077-san «Fermer hwjaliklari faoliyatini yuritishda yer uchastkalari miqdorini maqbullashtirish choralarini kwrish yuzasidan takliflar ishlab chiqish buyicha maxsus komissiya tashkil etish tug’risida»g’i’ pa’rmani’ ko’leminde ko’rilgen sharalar ha’m a’melge asi’ri’lg’an ilajlar na’tiyjesinde 2014 ji’ldi’n’ 1 woktyabrine shekem ma’mleketemizde xi’zmet ko’rsetip ati’rg’an 219976 fermer xojali’qlari’ jer uchasatkalari’ muwapi’qlasti’ri’li’p, wolardi’n’ uli’wma sani’ 105033di quradi’ ha’m fermer xojali’qlari’na ja’mi 5 mln. 860,1 mi’n’ gektar jer maydani’ biriktirip berildi yamasa bunda bir fermer xojali’g’i’na worta yesapta ilgergi 27,0 gektar worni’na a’melde 56,0 gektar jer maydani’ tuwri’ kelmekte. Sonnan paxtashi’li’q ha’m g’a’lleshilik bag’dari’na qa’nigelesken fermer xojali’qlari’ sani’ 47,6 mi’n’ boli’p, wolarg’a 4 mln. 390,1 mi’n’ gektar yamasa bir fermer xojali’g’i’na wortasha 92,0 gektar jer maydani’ uzaq mu’ddetke ijarag’a berildi.

O’tken ji’lda a’melge asi’ri’lg’an ui’snday wo’zgeris ha’m reformalar usi’ ha’m kelesi ji’llarda awi’l xojali’g’i’ islep shi’g’ari’wi’ni’n’ wo’nimdarli’g’i’ni’n’ arti’wi’ ha’mde woni’n’ rawajlani’wi’na sezilerli ta’sir ko’rsetiwine isenim jaratti’.

Kishi biznes ha’m jeke isbilermenlik, xi’zmet ko’rsetiw ha’m servis, kesipali’wshi’li’q salalari’ni’n’ turaqli’ rawajlani’wi’**.** 2014 ji’lda ma’mleketimizde kishi biznes ha’m jeke isbilermenlik salalari’ni’n’ da turaqli’ rawajlang’anli’g’i’na ayi’ri’qsha itibar qarati’ldi’. Xojali’q ju’ritiwshi sub’ektlerdin’ sali’q ju’gin ja’nede kemeyttiriw, mikrofirma ha’m kishi ka’rxanalar ushi’n jalg’i’z sali’q to’lemi, 2015 ji’ldan baslap bolsa 6 procentke tu’siriliwi, fizikali’q ta’replerden ali’natug’i’n da’ramat sali’g’i’ stavkalari’ni’n’ kemeyttiriliwi ha’m ha’zirde woni’ yesaplaw ta’rtiplerinin’ bekkemlestiriliwi isbilermenlik, kishi ha’m jeke biznesti izbe-izlik penen rawajlandi’ri’w ushi’n ku’shli xoshametlewshi faktorlar jaratti’.

Prezidentimiz İ.A.Karimovti’n’ basshi’li’g’i’nda xali’qti’n’ ba’ntligin ta’minleu boyi’nsha a’melge asi’ri’li’p ati’rg’an ken’ ko’lemli isler xalqi’mi’zdi’n’ abadanli’g’i’n artti’ri’wg’a xi’zmet yetip ati’rg’ani’n atap ko’rsetti.

Kishi biznes ha’m jeke isbilermenlik tarawi’na ma’mleket ta’repinen u’lken itibar beriliwi ha’mde qollap-quwatlani’wi’ na’tiyjesinde, 2013-ji’lda 26 mi’n’nan

aslam kishi biznes sub'ektleri jumi's basladi', bul sektorda jumi's islep ati'rg'an ka'rxanalardi'n' sani' 190 mi'n'g'a jetti.

2014 ji'lda ma'mleketimizde 1 milliong'a jaqi'n jumi's wori'nlari'n ashi'ldi', jan'a islep shi'gari'w wob'ektlerin iske tu'siriw, islep turgan karxanalardi' ken'eytiw ha'm kuwatli'li'gi'n janalaw yesabi'nan 57,9 mi'n' jumi's worni', kishi karxanalar ha'm mikrofirmalardi' sho'lkemlestiriw yesabi'nan 365,9 mi'n' jumi's worni', jeke ta'rtiptegi isbilermenlikti rawajlandi'ri'w yesabi'nan 117,2 mi'n' jumi's worni', u'y miyneti ha'm wo'nermentshilikti rawajlandi'ri'w yesabi'nan 217,2 mi'n' jumi's worni', fermer ha'm diyxan xojali'qlari'n rawajlandi'w yesabi'nan 122,7 mi'n' jumi's worni', islep shi'g'ari'w, bazar ha'm socialli'q infrastrukturani' rawajlandi'ri'w yesabi'nan 73 mi'n' jumi's worni', islemey turg'an karxanalar xi'zmetin tiklew yesabi'nan 13,6 mi'n' jan'a jumi's worni' jarati'ldi'. 2013-ji'lda 976 mi'n'nan aslam jan'a jumi's wori'nlari', 2014-ji'lg'a kelip 1-million jan'a jumi's wori'nlari' sho'lkemlestirildi.

**Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' social-ekonomikali'q rawajlandi'ri'w na'tiyjelerinde kishi biznes ha'm jeke isbilermenliktin' tutqan worni'**

2014 ji'l juwmag'i' menen Qaraqalpaqstan Respublikasi'nda uli'wma aymaqli'q wo'nim 8,4/% ke, sanaat wo'nimlerin islep shi'g'ari'w ko'lemi 10,3/% ke, tuti'ni'w tovarlari'n islep shi'g'ari'w ko'lemi 12,0% ke, quri'li's isleri ko'lemi 9,7% ke, xi'zmetler ko'rsetiw ko'lemi 21,4% ke, pulli' xi'zmetler ko'lemi 12,5% ke wo'sti.

Awi'l xojali'g'i' wo'nimlerin jetistiriw 6,1% ke wo'sip, paxtakesh diyxanlari'mi'zdi'n ti'ni'msi'z miynetleri xa'm ma'mleketimiz ta'repinen fermer xojali'qlari'na jarati'lg'an ken imkaniyatlar yesabi'nan wo'tken ji'lda sha'rtnamadan joqari' 200 mi'n' tonna paxta jetistirildi.

Prezidentimiz İslam Abdug'anievich Karimovti'n' baslamasi' menen bu'gingi ku'nde du'n'yadag'i' neft ha'm gaz sanaati'ndag'i' yen' iri proektlerden biri Ustyurt gaz-ximiya kompleksin quri'w jumi'slari' a'melge asi'ri'lmaqta.

Bul komplekstin' bahasi' 3,5 milliard dollardi' qurap, ma'mleketimizde jetispey ati'rg'an za'ru'r sanaat shiyki zatlari' islep shi'g'ari'ladi'.

yen’ tiykarg’i’si’ kompleks iske tu’sirilgennen keyin bul jerde 1 mi’n’ 400 ge jaqi’n jergilikli jaslari’mi’z jumi’s penen ta’miyinlenedi.

Bunnan ti’sqari’ Qon’i’rat soda zavodi’nda 200 mi’n’ tonna kalciylengen soda islep shi’g’ari’w proekti a’melge asi’ri’lmaqta.

“Taxiyatas I’ssi’li’q Elektr stanciyasi’” da bolsa bahasi’ 741 million dollarli’q investiciya kiritiw yesabi’na modernizaciya qi’li’w jumi’slari’ baslandi’.

Usi’lar qatari’nda, "Qaraqalpaq elektr tarmaqlari’” ka’rxanasi’nda bolsa 2014 ji’lda ja’mi 10 mlrd. su’mg’a jaqi’n modernizaciya jumi’slari’ a’melge asi’ri’ldi’.

Azi’q-awqat sanaati’nda 2014 ji’lda 4 iri azi’q-awqat sanaat ka’rxanalari’nda ja’mi **7**,1 mln. AQSh dollar ha’m 1,7 mlrd. su’mli’q investiciyalar wo’zlestirildi.

Prezidentimizdin’ qarari’ tiykari’nda İslep shi’g’ari’wdi’ jergileklestiriliw da’stu’rine Qaraqalpaqstanda 2014 ji’lda 2 ka’rxanada 810 mln. su’mli’q jergiliklestirilgen wo’nimler islep shi’g’ari’ldi’.

Sonnan: Xojeli rayoni’ndag’i’ “Nurbek woq woltin” jeke ka’rxanasi’nda 100 mln. su’mli’q 1000 dana akkumulyator ha’m Qarao’zek rayoni’ndag’i’ “Qaraqalpaq Vermi İnvest” juwapkershiligi sheklengen ja’miyetinde 710 mln su’mli’q 420 tonna vermikulit koncentrati’ islep shi’g’ari’ldi’.[1]

Bulardan ti’sqari’, Jergilikli sanaat xi’zmetin a’melge asi’ri’w da’stu’rine ko’re yesabat da’wrinde 321 sanaat wo’nimlerin islep shi’g’ari’wshi’ kishi ka’rxanalar paydalani’wg’a tapsi’ri’ldi’ ha’m usi’ maqsetlerge 6,3 mln AQSh dollari’ ha’m 66,5 mlrd. su’mli’q investiciyalar wo’zlestirildi.

Na’tiyjede yesap beriw da’wirinde sanaat ka’rxanalari’ ta’repinen islep shi’g’ari’lg’an sanaat wo’nimleri 1,3 trln. su’m, xali’q tuti’ni’w tovarlari’ 529,2 mlrd. su’mdi’ quradi’. Son’g’i’ ji’llarda Prezidentimiz ta’repinen tiykarg’i’ itibar yen’ da’slep, kishi biznes ha’m jeke isbilermenlikti rawajlandi’ri’wg’a ha’m ken’ mu’lk iyeleri klassi’ni’n’ qa’liplesiwine qarati’li’wi’ na’tiyjesinde ekonomikada jeke sektor u’lesi wo’sip barmaqta.

Bu’gingi ku’nde “Biznes penen shug’ullan” principi negizinde jeke isbilermenlik sub’ektleri huqi’qlari’ ha’m xi’zmeti kepilliklerin qorg’awdi’ ta’miyinlew soni’n’ menen birge, isbilermienlikti rawajlandi’ri’w joli’ndag’i’

tosi’qlar ha’m sheklewlerdi joq yetiw arqali’ wolardi’ rawajlandi’ri’w bari’si’nda Qaraqalpaqstanda da bir qatar unamli’ isler a’melge asi’ri’ldi’.

2015 ji’l 1-yanvar’ jag’dayi’na Qaraqalpaqstanda yesapqa ali’ng’an wo’tken ji’ldi’n’ usi’ da’wirine sali’sti’rg’anda:

- ja’mi yuridikali’q sub’ektler sani’ 25415 ti qurap, sali’sti’rg’anda 92 ge yaki (25323) 100,4% ke;

- kishi biznes sub’ektler (diyxan ha’m fermer xojali’klardan ti’sqari’) sani’ 10609 di’ qurap, sali’sti’rg’anda 436 g’a (10173) yaki 104,35% ke ko’beydi.

Sonnan: - xi’zmet ko’rsetip ati’rg’an kishi biznes sub’ektleri sani’ 9327 ni qurap, 944 ke yaki 111,35 ke ko’beygen;

- xi’zmet ko’rsetpey ati’rg’an kishi biznes sub’ektleri sani’ 1282 ni qurap, 508 ge (71,6%) kemeygen.

Kishi biznes ha’m jeke isbilermenlik sub’ektlerin jan’a islep shi’g’ari’wlari’n sho’lkemlestiriwde, wolardi’n’ wo’nimlerin eksport qi’li’wdi’ ko’beytiwde finansli’q qollap–quwatlaw bari’si’nda kommerciyali’q banklerdin’ u’lesleri ulken bolmaqta.

Kommerciyali’q bankler ta’repinen 2014 ji’l dawmi’nda 5327 kishi biznes ha’m jeke isbilermenlik sub’ektlerine ja’mi 364,0 mlrd. su’mli’q (2013 ji’lda 271,4 mlrd.su’m) qarji’lar aji’rati’ldi’.

## Qaraqalpaqstan Respublikasi'nda kishi biznesti rawajlani'dri'w (fermer xojali'qlari'n yesapqa almag'an halda)

**Keste-10**

| № | Ko'rsetkishlerdin' atamalari' | O'lshem birliig | 2013 ji'l haqi'y qatta | 2014 ji'l | | 2013 ji'lg'a % yesabi'nda | 2015 ji'l 1-sherekte ku'tiledi | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | prognoz | haqi'y qatta | | prognoz | 2014 j. 1-sherekke sali'sti'rg'anda wo'sim |
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 |
| **1.** | Kishi biznes ha'm jeke isbilermenlik sub'ektleri sani' | birlik | 8383 | 9261 | 9327 | 108,3 | 8970 | 102,8 |
| | *Sonnan:* | | | | | | | |
| | Xi'zmet ko'rsetip turg'ani' | birlik | 7135 | 7712 | 7463 | 104,6 | 7475 | 101,0 |
| | Xi'zmet ko'rsetpey ati'rg'ani' | birlik | 1147 | 1311 | 1282 | 78,9 | 1282 | 112,7 |
| | Esabat da'wirinde wo'z xi'zmetin toqtatqanlar | birlik | 1227 | 612 | 965 | 78,6 | x | |
| **2.** | Kishi ka'rxanalar sani' | birlik | 824 | 821 | 827 | 100,4 | 825 | 106,2 |
| | Xi'zmet ko'rsetip turg'ani' | birlik | 798 | 800 | 803 | 100,6 | 805 | 106,6 |
| | Xi'zmet ko'rsetpey ati'rg'ani' | birlik | 26 | 21 | 24 | 92,3 | 20 | 90,9 |
| | Esabat da'wirinde wo'z xi'zmetin toqtatqanlar | birlik | 22 | 14 | 23 | 104,5 | x | |
| **3.** | Mikrofirmalar sani' | birlik | 7458 | 8202 | 8140 | 109,1 | 8145 | 102,5 |
| | Xi'zmet ko'rsetip turg'ani' | birlik | 6337 | 6912 | 6660 | 105,1 | 6670 | 100,4 |
| | Xi'zmet ko'rsetpey ati'rg'ani' | birlik | 1121 | 1290 | 1480 | 132,0 | 1475 | 113,0 |
| | Esabat da'wirinde wo'z xi'zmetin toqtatqanlar | birlik | 1205 | 598 | 942 | 78,2 | x | - |
| **4.** | Kishi biznes ha'm jeke isbilermenlik sub'ektleri u'lesi | | | | | | | |
| | - JİO' degi u'lesi | % | 60,7 | 62,5 | 63,6 | x | 47,0 | x |
| | - Sanaat wo'nimlerin islep shi'g'ari'w ko'lemi | mln.su'm | 62356,2 | 80000,0 | 93562,1 | 150,0 | 20000 | 124,3 |
| | Ja'mi sanaattag'i' u'lesi | % | 18,0 | 21,2 | 23 | x | 19,3 | x |
| | - Awi'l xojali'q wo'nimi ko'lemi | mln.su'm | 361992,4 | 410000,0 | 458845,5 | 106,5 | 30000 | 110,8 |
| | - Awi'l xojali'gi'ndag'i' u'lesi | % | 95,6 | 95,4 | 95,1 | x | 97,3 | x |
| **5.** | Kishi biznes sub'ektleri ta'repinen jarati'lg'an jan'a jumi's wori'nlari' | birlik | 31169 | 35880 | 35992 | 115,5 | 4680 | 100,3 |

Kishi biznes ha'm jeke isbilermenlik xi'zmetin rawajlandi'ri'wg'a baylani'sli' da'stu'rlerdi a'melge asi'ri'w na'tiyjesinde wo'tken ji'lda 37 mi'n'nan arti'q jan'a kishi biznes sub'ektleri, 119,6 mi'n' jeke ta'rtiptegi isbilermenlik sub'ektleri payda

yetildi. Soni’n’day, quramli’q wo’zgertilip ati’rg’an monopolist-ka’rxanalardi’n’ paydalanbay ati’rg’an quwatli’qlari’nda 130 tu’rli mu’lkshilik formalari’na tiykarlang’an jan’a kishi ka’rxanalar payda yetilip, wolarda 7,5 mi’n’g’a jaqi’n is wori’nlari’ jarati’ldi’. 83 bankrot ka’rxanalar negizinde 92 jan’a isbilermenlik sub’ektleri payda yetilip, wolarda 9,8 mi’n’ is wori’nlari’ jarati’ldi’.

Ma’mleketimizdegi xali’qti’ is penen ta’miyinlew mashqalalari’n sheshwde kishi biznes ha’m jeke isbilermenlikti jedel rawajlandi’ri’w menen birge, xi’zmet ko’rsetiw salasi’ ha’m kesipali’wshi’li’qti’n’ tu’rli formalari’n ken’ jarati’w, awi’lli’q jerlerde sha’rwashi’li’qti’ rawajlandi’ri’wdi’ xoshametlewge ayi’ri’qsha itibar qarati’lmaqta. wo’tken ji’l dawami’nda yelimizde 661 mi’n’g’a jaqi’n, soni’n’ ishinde, kishi biznes salasi’nda – 374 mi’n’, xi’zmet ko’rsetiw ha’m servis salasi’nda – 220 mi’n’g’a jaqi’n, kesip ali’wshi’li’q yesabi’nan bolsa – 97 mi’n’ 800 jan’a is worni’ jarati’ldi’.

Ekonomikada jumi’s wori’nlari’ sani’n ko’beyttiriwde xi’zmet ko’rsetiw ha’m servis salasi’n rawajlandi’ri’w ha’m ken’eyttiriw basli’ wori’n tutadi’. 2014 ji’li’ turistlik-sayaxat xi’zmetleri, finans, bank, transport xi’zmetlerin ko’rsetiw, ma’deniy texnika ha’m avtomobillerge xi’zmet ko’rsetiw salalari’ bir qansha joqari’ pa’t penen rawajlandi’ (10-keste).

Song’i’ 2 ji’l dawami’nda ji’li’na wortasha 50 procent wo’siwin ta’miynlep ati’rg’an informaciya-kommunikaciya texnologiyalari’ salasi’nda xi’zmet ko’rsetiw jedel rawajlani’p ati’rg’anli’g’i’n ayi’ri’qsha keltirip wo’tiw lazi’m.

Soni’n’ menen birge, Prezidentimiz ha’zirde awi’l xalqi’na ko’rsetilip ati’rg’an xi’zmetler ko’lemi ji’ldan-ji’lg’a wo’sip barati’rg’anli’g’i’na qaramay, ha’zirge shekem pa’s da’rejede – barli’g’i’ boli’p 26,8 procent boli’p qali’p ati’rg’anli’g’i’na ayi’ri’qsha itibar qarati’w lazi’mli’g’i’n, xali’qqa xi’zmet ko’rsetiw si’pati’ da talap da’rejesinde yemesligin ayti’p wo’tken yedi.

Ma’mleketimizde jumi’sshi’ ku’shi ba’ntligi ha’m xali’q da’ramatlari’n asi’ri’wda kesipali’wshi’li’q ha’mde menshik ja’rdemshi ha’m diyxan xojali’qlari’nda qaramal bag’i’w salalari’ni’n’ a’hmiyeti ji’ldan-ji’lg’a ku’sheyip barmaqta.

**O’zbekstanda xi’zmet ko’rsetiw ha’m servis salalari’ni’n’ wo’siw pa’tleri, aldi’ng’i’ ji’lg’a sali’sti’rg’anda procent yesabi’nda**

**Keste-11**

| Xi’zmet tu’rleri | 2013 ji’l | 2014 ji’l |
|---|---|---|
| Bazar xi’zmetleri | 126,6 | 121,0 |
| Sonnan sawda ha’m uli’wma awqatlani’w xi’zmetleri | 132,5 | 126,8 |
| Transport xi’zmetleri | 121,1 | 112,7 |
| Baylani’s ha’m informaciyalasti’ri’w xi’zmetleri | 151,5 | 140 |
| Finans ha’m bank xi’zmetleri | 123,8 | 132,2 |
| Turistlik-sayaxat xi’zmetleri | 1222,3 | 126,3 |
| Miymanxana xi’zmetleri | 133,5 | 122,5 |
| Ma’deniy ha’m kommunal xi’zmetleri | 109,3 | 108,4 |
| Avtomobillerdi won’law ha’m basqa texnikali’q xi’zmetler | 138,7 | 139,2 |
| Basqa xi’zmetler | 142,5 | 130,6 |

Soni’n’ ishinde, bul boyi’nsha to’mendegi na’tiyjeler qolg’a kiritildi:

- 2014 ji’lda kesip ali’wshi’lar ta’repinen 34 milliard su’mli’q wo’nim islep shi’g’ari’ldi’ ha’m xi’zmetler ko’rsetildi;

- kesip ali’wshi’li’q arqali’ ka’rxanalar wo’zlerine berilgen sharayatlar yesabi’nan 1 mlrd. su’mnan arti’q qa’rejetti tejewge yeristi;

- sha’rwashi’li’qti’ rawajlandi’ri’w da’stu’rinin’ a’melge asi’ri’w ko’leminde 2014 ji’li’ aukcion sawdalari’nda 20300 bas qaramal sati’ldi’, 2015 ji’lda ja’ne 24600 bas qaramal sati’li’wi’ na’zerde tuti’lmaqta;

- yeger 2013 ji’lda qaramal sati’p ali’w ushi’n 42,5 mlrd. su’mli’q jen’illetilgen kreditler aji’rati’lg’an bolsa, 2014 ji’lda bul summa 48,2 mlrd. su’mdi’ quradi’.

- 2012 ji’ldan ha’zirge shekem kem ta’miyinlengen shan’araqlar ushi’n 103 mi’n’nan ziyat qaramal berildi;

- 2015 ji’ldi’n’ 1 yanvari’na shekem menshik ja’rdemshi ha’m diyxan xojali’qlari’nda qaramal bag’i’wshi’ si’pati’nda dizimge ali’ng’an puqaralardi’n’ uli’wma sani’ 1,1 mln. adamnan ko’birekti quradi’;

- qara mal bag’i’wshi’ si’pati’nda dizimge ali’ng’an puqaralardan 54 mi’n’ adamg’a jan’a miynet da’ptershesi berildi, 111 mi’n’ puqarani’n’ bolsa bar bolg’an miynet da’ptershesine is staji’ tiyisli ta’rtipte belgilendi;

Uli’wma alg’anda ma’mleketimizde kishi biznes ha’m jeke isbilermenlik, xi’zmet ko’rsetiw ha’m servis, kesip ali’wshi’li’q salalari’ni’n’ buraqli’ rawajlandi’ri’w boyi’nsha a’hmiyetli jumi’slar a’melge asi’ri’li’p, wolar ag’i’mi’ndag’i’ xali’q turmi’s da’rejesinin’ jaqsi’lani’wi’na sezilerli ta’sir ko’rsetedi. Awi’ldag’i’ mu’lk iyeleri ha’m isbilermenlerdin’ a’hmiyetin artti’ri’w, fermer xojali’qlari’ rawajlani’wi’n ha’r ta’repleme qollap-quwatlaw, awi’l xojali’g’i’ndag’i’ ekonomikali’q reformalardi’ basqi’shpa-basqi’sh teren’lestiriw, awi’lli’q jerlerdegi mu’lk iyeleri ha’m isbilermenlerdin’ worni’n artti’ri’w, fermerler ha’reketin qollap-quwatlaw–«Awi’ldi’ abadanlasti’ri’w ha’m rawajlandi’ri’w» ji’li’ ma’mleketlik da’stu’rinin’ tiykarg’i’ quramli’q bo’limlerinen yesaplanadi’.

«Soni’n’ menen birge, - dep ayti’p wo’tedi Prezidentimiz shi’g’armada, - wo’tken da’wir dawami’nda artti’rg’an ta’jiriybemiz fermerlikti ja’nede rawajlandi’ri’w ushi’n bir qatar ju’da’ basli’ mashqalalardi’, soni’n’ ishinde ayi’ri’qsha, fermer xojali’qlari’ni’n’ turaqli’li’g’i’, yen’ basli’si’, wolardi’n’ wo’nimdarli’g’i’n asi’ri’w menen baylani’sli’ ma’selelerdi sheshiwdi talap yetpekte. Xi’zmet ko’rsetip ati’rg’an ayi’ri’m fermer xojali’qlari’ni’n’ is ta’jiriybesi sonnan kelip shi’g’adi’, fermer xojali’qlari’n rawajlandi’ri’wdi’n’ da’slepki basqi’shi’nda wolarg’a aji’rati’p berilgen jer maydanlari’ni’n’ kemligi wo’nim islep shi’g’ari’w rentabelliginin’ wo’siwine ko’p ta’repten tosqi’nli’q qi’li’p ati’r. İmknyati’, kush-quwati’ kem bolg’an fermer xojali’qlari’ wo’zin kerekli texnika, aylani’s qa’rejetleri menen ta’miyinlew, kredit qa’biliyetine iye boli’w, yen’ tiykarg’i’si’, wo’z qa’rejetlerin qaplaw ha’m payda ko’rip islew,

da’ramatti’ asi’ri’wdi’n’ isenimli tiykari’na aylanbaytug’i’nli’g’i’n bu’gingi wo’mirdin’ wo’zi ko’rsetpekte».

Fermer xojali’qlari’na aji’rati’li’p ati’rg’an kishi ko’lemdegi jerlerde wo’nimdarli’ xojali’q ju’rgizip bolmasli’g’i’ haqqi’ndag’i’ pikirlerdi bul boyi’nsha ali’p bari’lg’an ayi’ri’m ilimiy izertlew na’tiyjeleri da buni’ ko’rsetiwi mu’mkin. Soni’n’ ishinde, B.Xolmatovti’n’ ayti’wi’nsha, «Fermer xojali’qlari’ wortasi’nda wo’tkerilgen sociologiyali’q soraw na’tiyjelerinde, soralg’anlardi’n’ ayi’ri’m bo’legi u’nemlilikke tosqi’nli’q qi’li’wshi’ sebeplerden biri si’pati’nda aji’rati’lg’an jer maydanlari’ ko’leminin’ wo’nimdarli’ xojali’q ju’ritiw ushi’n jeterli da’rejede yemesligin ko’rsetken. Ferg’ana wa’layati’ndag’i’ bir fermer xojali’g’i’na tuwri’ keliwshi wortasha jer maydani’ 16,2 gektardi’ quramaqta. Na’tiyjede kishi ko’lemdegi jer maydanlari’na iye bolg’an fermer xojali’qlari’ xi’zmet ko’rsetiwi, islep shi’g’ari’w wo’nimdarli’g’i’ ha’m u’nemlilik principlerine qarsi’ kelmekte. Soni’n’ ishinde:

- iri ko’lemdegi jer maydanlari’na mo’lsherlengen texnika u’skenelerinen paydalani’wdag’i’ mashqalalar;

- turaqli’ jumi’sshi’lardan paydalani’w imkaniyatlari’ni’n’ sheklengenligi;

- bazi’ bir resurs ha’m xi’zmet tu’rlerinen ni’zamli’ ha’m toli’q tiykarda paydalani’wdan ma’pdar bolmasli’q;

- toli’q tu’rde xi’zmet ju’ritiwge qi’zi’g’i’wdi’n’ to’menligi, tezirek payda ali’wg’a umti’li’wg’a iykemlesiwshiliktin’ payda boli’wi’ ha’m basqalar.

Sorawda qatnasqan ayi’ri’m fermer xojali’qlari’ basli’qlari’ni’n’ pikirinshe, kishi ko’lemdegi jerge iye bolg’an xojali’qlar ushi’n sawda banklerinen kredit yaki tiykarg’i’ u’skenelerdi lizingge ali’w belgili bir qi’yi’nshi’li’qlardi’ keltirip shi’g’armaqta. Ayi’ri’m jag’daylarda bank yaki lizing kompaniyalari’ tiykarg’i’ u’skeneni lizingge beriw ushi’n xojali’q jer maydani’ni’n’ keminde 40-50 gektar boli’wi’n talap yetpekte. Sebebi bunda kem ko’lemdegi jer maydani’na iye bolg’an xojali’qlar wo’z xi’zmet ko’rsetiwinen ali’ng’an sap payda yesabi’na lizing to’lemlerin to’lewde qi’yi’nshi’li’qqa dus keledi. Bul jag’daydi’ sha’rtli mi’sal ja’rdeminde ko’rip shi’g’i’w ha’m mu’mkin.

Tiykarg'i' u'skeneler lizingi ushi'n ji'lli'q to'lew ko'leminin' shama menen 2,5 mln. su'mli'q mug'darda tek 33 gektardan arti'q jer maydang'a iye xojali'qlar bunday to'lewdi qaplaw imkani'na iye. yeger basqa qa'rejet ha'm to'lewlerdi, ken'eyttirilgen islep shi'g'ari'w mu'ta'jlikleri yesapqa ali'nsa, lizingten paydalani'w imkaniyati'na iye bolg'an xojali'qlar keminde 40-50 gektar jer madani'na iye boli'wi' lazi'mli'g'i' kelip shi'g'adi'».

Usi'nday tiykarlardan kelip shi'qqan halda, ma'mleketimizde jer maydanlari'n toli'q inventarizaciyadan wo'tkiziw ha'm fermer xojali'qlari' xi'zmetin keskin bahalaw tiykari'nda wolardi'n' jer maydanlari'n woptimallasti'ri'w boyi'nsha ken' ko'lemli, soni'n' menen birge, puxta woylang'an isler a'melge asi'ri'ldi'. Bunda fermer xojali'qlari'ni'n' qaysi' tarawg'a qa'nigeleskeni ha'm ma'mleketimizdin' tu'rli zonalari'ndag'i' xali'q siyrekligi ayi'ri'qsha itibarg'a ali'ndi'. A'ne usi' isler na'tiyjesinde fermer xojali'qlari' ushi'n aji'rati'lg'an jer maydanlari' bu'gingi ku'nde paxtashi'li'q ha'm g'a'lleshilikte wortasha 37 gektardan 93,7 gektarg'a shekem ko'beydi yamasa 2,5 yeseden ziyat asti'. Bul ko'rsetkish wovosh' wo'nimlerinde – 10 gektardan 24,7 gektarg'a shekem yamasa 2,5 yese, sharwashi'li'qta bolsa 154 gektardan 164,5 gektarg'a shekem ko'beydi.

2014 ji'lda tiykarg'i' itibar barli'q tu'rdegi xojali'qlarda sharwa mal bas sani' ha'm woni'n' wo'nimdarli'g'i'n asi'ri'wg'a qarati'ldi'. Na'tiyjede ja'mi qara mallar sani' 8024,8 mi'n' basqa jetip, sonnan si'yi'rlar sani' 3327,0 mi'n' basti', qoy ha'm yeshkiler 13559,4 mi'n' basti', quslar 24498,4 mi'n' basti' quradi'. Tiri salmaqta 1287,9 mi'n' tonna (106,5 %) go'sh, 5426,3 mi'n' tonna (106,4 %) su't, 2429,0 mln. dana (114,9 %) qarako'l terisi islep shi'g'ari'ldi'.

O'zbekistan Respublikasi' Prezidentinin' 2006 ji'l 23 marttag'i' PQ-308-sanli' qarari'na muwapi'q jeke ja'rdemshi ha'm diyxan xojali'qlari'na qaramal sati'p ali'w maqsetinde 22,4 mi'n' puqarag'a 40,0 mlrd. su'm mug'dari'nda jen'illetilgen kreditler aji'rati'ldi'.

Bar bolg'an sharwa mallari' na'silin jaqsi'law maqsetinde shet yellerden 39,3 mlrd. su'mg'a ja'mi 6501 bas na'silli mallar keltirildi, bunda bir bas na'silli

maldi’n’ wortasha bahasi’ 3,7 mln. su’mg’a (2013 ji’lda 3,6 mln. su’m) tuwra keldi.

2014 ji’lda a’melge asi’ri’lg’an sho’lkemlestirilgen agrotexnikali’q ko’rgizbeler na’tiyjesinde barli’q tu’rdegi xojali’q sub’ektleri ta’repinen ja’mi 9 mln. 791,1 mi’n’ tonna miywe-ovosh’ wo’nimleri, sonnan 5217,4 mi’n’ tonna wovosh’, 1398,7 mi’n’ tonna kartoshka, 981,2 mi’n’ tonna pali’z, 1402,8 mi’n’ tonna miywe ha’m 791,0 tonna ju’zim islep shi’g’ari’ldi’. Biraq, bizde yele usi’ wo’nimlerdi tuti’ni’wshi’g’a jetkizip beriw mashqalalari’ toli’q sheshilgen joq. Bu’gingi ku’nde ma’mleketimizde awi’l xojali’g’i’ wo’nimleri, a’sirese, pille, ju’n, teri, paxta ha’m basqalardi’ jetistiriw ha’m wolardan tayar wo’nim islep shi’g’ari’w wortasi’nda mashqalalar saqlani’p qalmaqta. Soni’n’ ishinde, paxta shiyki zat resursi’ni’n’ 34%, miwelerdin’ 17%, wovosh’ wo’nimlerinin’ 12%, pali’z yeginlerinin’ 7%, ju’zimnin’ 25%, terinin’ 28%, ju’nnin’ 17%, go’shtin’ 27%, su’ttin’ 7%ti g’ana sanaatta qayta islenbekte. Sog’an ko’re, da’stu’rde miywe ha’m wovoshlardi’ qayta islew ka’rxanalari’ ushi’n jen’illiklerdi uzaytti’ri’w ma’selelerida wori’n alg’an.

Awi’l xojali’g’i’ wo’nimlerin wo’ndiriwde ta’biyatti’n’ tu’rli sharayatlari’na iykemlestiriwde i’ssi’li’q wori’nlari’ni’n’ (teplicalardi’n’) roli u’lken. 2015 ji’lda ha’r bir rayonda keminde 5 ten i’ssi’li’q wori’nlari’n (teplicalardi’) quri’w jobalasti’ri’lg’an bul boyi’nsha basli’ qa’demlerden yesaplanadi’.

Tarawdi’ rawajlandi’ri’wda ma’deniy-texnikali’q ta’miyinlew ma’selesine yen’ basli’ wazi’ypalardan biri si’pati’nda qarali’p ati’rg’anli’g’i’ sebepli 2014 ji’lda awi’l xojali’g’i’na shet yelden 1149 dana VT-150 ha’m T-4A modelindegi shi’nji’rli’ ha’m 459 dana MXM-140 modelli aydawg’a arnalg’an traktorlari’ ha’m de 386 dana joqari’ wo’nimdarli’ CLASS kompaniyasi’ni’n’ «Dominator-130» modelli da’n wori’w kombaynlari’ ali’p kelindi. Lizing tiykari’nda awi’l xojali’q ka’rxanalari’na ja’mi 48,9 mlrd. su’mli’q 3459 dana ha’r tu’rdegi texnikalar jetkizip berildi. 2015 ji’lda da usi’ ila’jlar dawam yettirilip, 7547 dana texnika lizing, kredit tiykari’nda ali’w arqali’ texnika ta’miynati’n ku’sheyttiriw ko’zde tuti’lmaqta.

Awi’lda sanaat islep shi’g’ari’wi’n ha’m quri’li’sti’ tez pa’tler menen rawajlandi’ri’w tiykari’nda xali’q pa’rawanli’g’i’n artti’ri’wda ko’p miynet talap qi’latug’i’n islep shi’g’ari’wdi’ rawajlandi’ri’w basli’ yesaplanadi’. Sog’an baylani’sli’, 2015 ji’lda sharwashi’li’q ha’m qusshi’li’qta, go’sh ha’m su’tti qayta islewde, tigiw, ayaq kiyim ha’m mebel’ islep shi’g’ari’wda, quri’li’s materiallari’ islep shi’g’ari’wda 65 mi’n’ jan’a is worni’n payda yetiw ko’zde tuti’lmaqta. Ha’zirgi waqi’tta ha’r bir wa’layatta shet yelde islep shi’g’ari’lg’an joqari’ texnologiyag’a tiykarlang’an miywe-ovosh’, sharwashi’li’q wo’nimlerin teren’ qayta islew ka’rxanalari’n payda yetiw jan’a jumi’s wori’nlari’ sani’n ja’nede asi’radi’.

2014 ji’lda 1523, sonnan 168 i kesipali’wshi’li’q tiykari’nda jan’adan jumi’s wori’nlari’ jarati’li’p, wolar ta’repinen 589 mln. 595,5 mi’n’ su’mli’q wo’nim islep shi’g’ari’ldi’, qalg’an 1355 jan’a jan’a jumi’s wori’nlari’ payda yetilgen 49 Ma’mleketlik unitar ka’rxanalari’ yesabi’na a’melge asi’ri’ldi’. 2015 ji’lda awi’lli’q jerlerde kesipali’wshi’li’qti’ ja’nede rawajlandi’ri’w yesabi’na 70 mi’n’ jan’a jumi’s worni’, kishi ka’rxana ha’m mikrofirmalardi’ rawajlandi’ri’w yesabi’na 110 mi’n’ jumi’s worni’n payda yetiw rejelestirilmekte.

Tashkent qalasi’nda 2014 ji’ldi’n’ 13-16 woktyabr’ ku’nleri IV Xali’qarali’q O’zbekistan paxta yarmarkasi’ boli’p wo’tti. Ko’rgizbede du’n’yani’n’ 34 ma’mleketindegi 300 den arti’q kompaniyalardan kelgen 450 wa’kil tikkeley ko’rgizbenin’ qatnasi’wshi’lari’na aylang’an hali’nda wolar itibari’na paxta talshi’g’i’ni’n’ mi’n’nan arti’q u’lgileri ko’rsetildi. Ha’zirgi waqi’tta awi’l xojali’q islep shi’g’ari’wi’ ushi’n mini texnologiyalar yarmarkasi’n wo’tkizip, wonda milliy ha’m shet yellik islep shi’g’ari’wshi’lar ta’repinen jarati’lg’an texnikalardi’n’ ko’rsetiliwi fermer ha’m isbilermenler ushi’n jan’a imkaniyatlardi’ jaratti’.

2014 ji’l qi’rmani’n jetistiriw ushi’n sawda bankleri arqali’ awi’l xojali’g’i’na jami 982,9 mlrd. su’m, sonnan paxta qi’rmani’ ushi’n 787,1 mlrd. su’m ha’m masaqli’ da’n qi’rmani’ ushi’n 195,8 mlrd. su’mli’q jen’illikli kreditler bag’darlandi’. 2015 ji’l masaqli’ da’n qi’rmani’n jetistiriw qa’rejetlerin

finanslasti'ri'w ushi'n sawda bankleri ta'repinen 201,3 mlrd. su'm mug'dari'nda jen'illikli kreditler aji'rati'li'wi' jobalasti'ri'lmaqta.

Awi'l xojali'q wo'nimlerin jetistiriw menen baylani'sli' barli'q ilajlar sha'rtnama tiykari'nda payda yetilmekte, ma'wsim juwmag'i' boyi'nsha ja'mi 6 mln. 250 mi'n' tonna g'a'lle islep shi'g'arali'p, soni'n' 2 mln. 533,9 mi'n' tonnasi' ma'mleketke sati'ldi'.

### 2.3 Agrar sektorda jeke isbilermenlikti rawajlandi'ri'w mashqalalari'

Jeke isbilermenlik ha'm kishi biznesti rawajlandi'ri'w respublikada a'melge asi'ri'li'p ati'rg'an ekonomikali'q siyasatti'n', reformalardi'n' bas bag'darlari'nan biri yesaplanadi'. Ma'mleket ekonomikasi'ni'n' turaqli' rawajlani'wi'n kishi biznes ha'm jeke isbilermenliksiz su'wretlep bolmaydi'. Jeke isbilermenlik ma'mleket ekonomikasi'nda bar bolg'an lokomativ wazi'ypasi'n atqari'wshi' ekonomikali'q sub'ektlerdin' turaqli' xi'zmet ko'rsetiwine, ja'miyette bar bolg'an mashqalalardi' sheshiwde ha'm xali'q turmi's da'rejesin artti'ri'wda basli' a'hmiyetke iye. Sol sebepli jeke isbilermenlikti ha'm kishi biznesti rawajlandi'ri'wg'a ma'mleket Prezidenti ha'm hu'kimeti u'lken itibar bermekte. Jeke isbilermenlik ha'm kishi biznesti rawajlandi'ri'wdi'n' huquqi'y tiykari', ni'zamlar qabi'l yetildi, hu'kimet qararlari', bag'darlar islep shi'g'i'ldi'. Respublikada usi' tarawdi' rawajlandi'ri'w maqsetinde wolarg'a bir qatar mu'mkinshilikler jarati'ldi'. Na'tiyjede respkblikada jeke isbilermenlik ha'm kishi biznestin' turaqli' rawajlani'wi'na yerisildi.

№7 keste mag'li'wmatlari'nan ko'rinip turg'ani'nday kishi biznes ka'rxanalari'ni'n' sani' ji'ldan ji'lg'a asi'p barmaqta ha'm bul ko'rsetkish 2014 ji'lda 2010 ji'ldag'i'g'a qarag'anda 1,4 ma'rte yaki 40,6 procentke ko'beygen.

Kishi biznes ha'm jeke isbilermenliktin' rawajlani'p bari'wi'n, wolardi'n' ma'mleket jalpi' ishki wo'nimindegi u'lesinin' asi'p bari'wi'nda ko'riw mu'mkin. Kishi ka'rxanalardi'n' ma'mleket jalpi' ishki wo'nimindegi u'lesi 2010 ji'lda 52,5 procentti qurag'an bolsa 2014 ji'lda bul ko'rsetkish 56 procentke jetken.

Ma'mleket ekonomikasi' tarmaqlari' ishinde kishi biznes awi'l xojali'g'i'nda basli' da'rejede rawajlang'an.

**Keste-12**

**O'zbekistan Respublikasi'nda kishi ka'rxanalardi'n' rawajlani'wi'**

| Ko'rsetkishler | O'lshem birligi | 2010 | 2011 | 2012 | 2013 | 2014 |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Yuridikali'q ta'rep da'rejesine iye kishi ka'rxanalar sani' | Mi'n' dana | 277,4 | 308,7 | 384,1 | 392 | 398,2 |
| Kishi biznestin' JİO'degi u'lesi | % | 52,5 | 54 | 55,6 | 55,8 | 56 |
| Kishi ka'rxana ha'm mikrofirmalardi'n' JİO'degi u'lesi | % | 13,1 | 14,8 | 15,7 | 16,4 | 18,6 |
| Kishi biznestin' ekonomikali'q tarmaqlar JO'degi u'lesi: Sanaatta | % | 11,3 | 14,1 | 14,1 | 16,6 | 10,7 |
| Awi'l xojali'g'i'nda | % | 72,4 | 75,6 | 76,4 | 76,8 | 80,9 |
| Usaqlap sati'wda | % | 45,9 | 45,8 | 43,8 | 45,5 | 41,8 |
| Pulli' xi'zmetlerde | % | 37,9 | 39,9 | 41,3 | 45,7 | 47,4 |
| Kishi biznestin' ma'mleket eksporti'ndag'i' u'lesi | % | 10,2 | 9,3 | 7,5 | 7,3 | 7,2 |
| Kishi biznestin' ma'mleket importi'ndag'i' u'lesi | % | 27,4 | 26,7 | 24,9 | 33,7 | 32,3 |

Tarmaqta ali'p bari'lg'an reformalardi'n' na'tiyjesi sebepli awi'lli'q jerlerde kishi biznes ha'm jeke isbilermenlik a'dewir tez rawajlandi'. G'a'rezsizlikke yerisilgen ji'llarda awi'l xojali'g'i'nda islep shi'g'ari'wdi' payda yetiwdin' tiykarg'i' formalari' kooperativ (kolxozlar) ha'm iri ma'mleketlik xojali'qlari'nan ibarat yedi. Mu'lkiy qatnasi'qlar tiykari'nan uli'wma ma'mleketlik mu'lkine tiykarlang'an usi' iri xojali'qlar bazar ekonomikasi' sharayati'nda na'tiyjeli xi'zmet ju'rite almay qaldi'. Na'tiyjede ekonomikani'n' bazar qatnasi'qlari'na wo'tiwine baylani'sli' wolardi' mu'lkiy pay tiykari'nda xi'zmet ko'rsetetug'i'n topar-shirket xojali'qlari'na aylandi'ri'ldi'. Biraq islep shi'g'ari'wdi'n' usi' formasi' da bazar qatnasi'qlari'na iykemlese almadi'. Na'tiyjede wolar wo'zlerine

qarag’anda progressivrek bolg’an fermer xojali’qlari’na aylana basladi’. Fermer xojali’qlari’ jeke mu’lkshilik tiykari’nda tovar islep shi’g’ari’wg’a qarati’lg’an, bazar talaplari’na iykemlesken islep shi’g’ari’wdi’n’ unamli’ formasi’ si’pati’nda ku’nnen ku’nge rawajlani’p barmaqta.

**O’zbekstan Respublikasi’ni’n’ fermer xojali’qlari’ni’n’ rawajlani’wi’**

**Keste-13**

| Ko’rsetkishler | O’lshem birligi | 2010 | 2011 | 2012 | 2013 | 2014 |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Fermer xojali’qlari’ni’n’ sani’ | Mi’n’ dana | 43759 | 55445 | 72406 | 8755 | 103921 |
| Fermer xojali’qlari’na biriktirilgen jer maydani’ | Mi’n’ ga | 889,7 | 1054,7 | 1591,7 | 2148,1 | 2935,4 |
| Bir fermer xojali’g’i’na tuwri’ keletug’i’n jer maydani’ | Ga | 20,3 | 19,0 | 22,0 | 24,5 | 28,2 |
| Fermer xojali’qlari’nda is penen ba’nt bolg’anlar sani’ | Mi’n’ adam | 294,9 | 386,2 | 487,9 | 600,3 | 765,3 |
| Fermer xojali’qlari’ni’n’ jalpi’ awi’l xojali’q wo’nimindegi u’lesi | % | 9,4 | 10,6 | 13,1 | 14,8 | 20,4 |
| -Diyxanshi’li’qta | | - | - | - | 13,8 | 19,3 |
| -Sha’rwashi’li’qta | | - | - | - | 1,0 | 1,1 |

13- keste mag’li’wmatlari’nan ko’rinip turg’ani’nday, fermer xojali’qlari’ dinamikali’q rawajlanbaqta. Fermer xojali’qlari’ni’n’ sani’ni’n’ ko’beyip bari’wi’, wolardi’n’ ko’leminin’ u’lkeyip bari’wi’ awi’l xojali’g’i’ ekonomikasi’ndag’i’ unamli’ wo’zgeris yesaplanadi’. U’yrenilip ati’rg’an da’wir ishinde bir fermer xojali’g’i’na biriktirilgen jer maydani’ wortasha 56 gektarg’a jetken. A’lbette ekonomikani’n’ uzaq mu’ddetli rawajlani’wi’ ta’repinen qaralg’anda fermer xojali’qlari’ni’n’ rawajlani’wi’ awi’l xojali’g’i’ tarmag’i’ni’n’, son’g’i’ na’tiyjede ma’mleket ekonomikasi’ni’n’ wo’nimdarli’g’i’na unamli’ ta’sir ko’rsetedi, awi’l xojali’g’i’nda miynet wo’nimdarli’g’i’n asi’radi’, wo’nimlerdin’ wo’zine tu’ser bahasi’ni’n’ pa’seyiwinin’ u’lken faktori’ boli’p xi’zmet qi’ladi’. Ekonomikani’n’

basqa tarmaqlari’ ushi’n miynet resurslari’ni’n’ bir bo’legin awi’l xojali’g’i’nan azat yetip beredi. Biraq qi’sqa mu’ddetli ekonomika ko’z qarasi’nan qaralg’anda awi’lli’q jerlerde jumi’ssi’zli’q mashqalalari’n toli’q sheshe almaydi’. Jumi’ssi’z qalg’an xali’qti’n’ awi’l xojali’g’i’nan basqa tarawlarg’a iykemlesiwi ushi’n belgili processti basi’p wo’tiwi talap qi’li’nadi’. Ko’lemi ta’repinen qarag’anda kishi bolg’an fermer xojali’qlari’ni’n’ ekonomikali’q imkaniyatlari’ jan’a texnika ha’m texnologiyani’ islep shi’g’ari’wg’a ti’g’i’z jarati’w imkaniyati’n shekleydi. Jan’a awi’l xojali’q texnikalari’ni’n’ wo’nimli, sapali’ islep shi’g’ari’li’wi’, quwatli’ boli’p bari’wi’ wolardi’n’ bahasi’ni’n’ wo’siwine ali’p kelmekte. Bul jag’dayda fermer xojali’qlari’ni’n’ usi’ qi’mbat texnikalardi’ sati’p ali’w imkaniyatlari’ sheklenedi. Usi’ jag’day fermer xojali’qlari’ni’n’ ko’lemi tuwri’si’nda jan’a ilimiy juwmaqlardi’ talap qi’ladi’. Bul processti qoldan tezlestiriw belgili qa’teliklerge ali’p keliwi mu’mkin. Biz fermer xojali’qlari’ni’n’ ko’lemin qoldan ken’eyttiriwimiz lazi’m degen pikirden uzaqtami’z, soni’n’ menen birge fermer xojali’qlari’ni’n’ qa’nigelesiwine qarap wo’nim jetistiriwde talap qi’li’natug’i’n (bar bolg’an) texnika ha’m texnologiya imkaniyati’nan maksimal paydalani’w imkani’n bere alatug’i’n ko’lemde payda yetiwdi maqsetke muwapi’q dep yesaplaymi’z. Fermer xojali’qlari’ni’n’ ko’lemi wolardi’n’ wo’nimdarli’g’i’na, alatug’i’n da’ramati’na ta’sir yetedi. Sol sebepli fermerlerdi qayta woqi’ti’w, qa’nigelegin asi’ri’w, jetik ta’jiriybelerdi ko’rsetiw jollari’ menen wolarg’a xojali’qti’n’ ko’lemin woptimal payda yetiwdin’ unamli’ ta’replerin tu’sindirip bari’w za’ru’r. Du’n’yadag’i’ jetekshi ma’mleketler ta’jiriybesi de soni’ ko’rsetedi. Soni’n’ ishinde, awi’l xojali’g’i’ joqari’ da’rejede rawajlang’an AQSh, Kanada, Franciya, İtaliya ma’mleketlerinde iri fermer xojali’qlari’ 6-8 procentin qurap awi’l xojali’g’i’ jalpi’ wo’niminin’ tiykarg’i’ bo’legin jetkerip beredi.

**Qaraqalpaqstan Respublikasi’nda 2014 ji’lda social-ekonomikali’q rawajlandi’ri’w maqsetinde qabi’l yetilgen da’stu’rlerdin’ yesabat da’wirine wori’nlani’wi’**

**Keste-14**

| Rayonlar | Kishi biznes ka’rxanalari’n du’ziw, dana | | | Jan’a jumi’s wori’nlari’n jarati’w | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | wazi’ypa | haqi’qatta | ori’nlani’wi’, % | wazi’ypa | haqi’qatta | ori’nlani’wi’, % |
| QR boyi’nsha ja’mi | 2331 | 2389 | 102,5 | 48118 | 48329 | 100 |
| Əmiwda’r’ya | 155 | 172 | 111,0 | 5094 | 5118 | 100,5 |
| Beruniy | 100 | 101 | 101,0 | 4634 | 4656 | 100,5 |
| Qanli’ko’l | 120 | 134 | 111,7 | 1637 | 1649 | 100,7 |
| Qarao’zek | 95 | 99 | 104,2 | 1789 | 1804 | 100,8 |
| Kegeyli | 95 | 86 | 90,5 | 2496 | 2504 | 100,3 |
| Qon’i’rat | 140 | 89 | 63,6 | 3475 | 3484 | 100,3 |
| Moynaq | 42 | 48 | 114,3 | 1266 | 1269 | 100,2 |
| No’kis | 82 | 100 | 122,0 | 1745 | 1759 | 100,8 |
| Taxtako’pir | 83 | 84 | 101,2 | 1714 | 1722 | 100,5 |
| To’rtkul | 260 | 277 | 106,5 | 5093 | 5127 | 100,7 |
| Xojeli | 140 | 101 | 72,1 | 3925 | 3948 | 100,6 |
| Shi’mbay | 140 | 141 | 100,7 | 2960 | 2970 | 100,3 |
| Shomanay | 45 | 47 | 104,4 | 1610 | 1612 | 100,1 |
| Ellikqala | 170 | 178 | 104,7 | 3560 | 3578 | 100,5 |
| No’kis qalasi’ | 624 | 690 | 110,6 | 5850 | 5855 | 100,1 |
| Taxiatas qalasi’ | 40 | 42 | 105,0 | 1270 | 1274 | 100,3 |

14-kestede ko’rip turg’ani’mi’zday Respublikani’ social ekonomikali’q rawajlandi’ri’w maqsetinde qabi’l yetilgen da’stu’rlerdin’ yesabat da’wirinne kishi biznes ka’rxanalari’n du’ziw, wori’nlani’wi’ kerek bolg’an 2331 ka’rxana worni’na 2389 ka’rxana du’zildi yag’ni’y 102,5% ke wori’nlang’an. Bul rayonlar arasi’nda No’kis rayoni’ 122,0%ke, Moynaq rayoni’ 114,3%ke, Qanli’ko’l rayoni’ 111,7% ke, wori’nlang’an.

Awi’l xojali’g’i’ tarmag’i’nda ali’p bari’lg’an reformalar ha’m modernizaciyalaw sebepli jeke isbilermenliktin’ tiykarg’i’ formasi’ si’pati’nda diyxan xojali’qlari’ payda boldi’. Bu’gingi ku’nde diyxan xojali’qlar ko’p tu’rdegi awi’l xojali’g’i’ wo’nimlerin jetistiriwshi isbilermenlik sub’ekti yesaplanadi’. G’a’rezsizlik ji’llari’ diyxan xojali’qlari’ turaqli’ rawajlandi’. 2015 ji’ldi’n’ 1

yanvari’ mag’li’wmatlari’n ko’rip wo’tsek respublikada 105 033 fermer xojali’qlari’ xi’zmet ko’rsetpekte. wolarg’a ja’mi boli’p 5 mln 860,1 gektar jer biriktirilgen. Diyxan xojali’qlari’nda ja’mi boli’p 1247,1 mi’n’ adam is penen ba’nt bolg’an. Diyxan fermer xojali’qlari’ni’n’ ma’mleket awi’l xojali’g’i’ jalpi’ wo’nimindegi u’lesi 59,7 procentti payda yetti. Diyxan fermer xojali’qlari’nda awi’l xojali’g’i’ wo’nimlerin islep shi’g’ari’w 2006 ji’lda 2005 ji’lg’a qarag’anda 14,2 procentke wo’sken. A’lbette wolar jetistirgen wo’nim tiykari’n shan’araq mu’ta’jligi ushi’n isletiledi. Shan’araqtag’i’ tuti’ni’wdan artqan bo’legi g’ana diyxan bazarlari’nda sati’ladi’. Diyxan xojali’g’i’ wo’nimlerinin’ tiykarg’i’ bo’legi qayta islenbegen halda tuti’ni’ladi’ ha’m tap usi’ formada tuti’ni’wshi’larg’a jetkiziledi. Diyxan xojali’qlari’ kelesheginde respublikada yele uzaq da’wirler boli’wi’ mu’mkin dep yesaplaymi’z. Bu’gingi ku’nde diyxan xojali’qlari’ wo’nimlerin qayta isleytug’i’n kishi cexlardi’, mikrofirmalardi’ awi’lli’q jerlerde payda yetiw bizin’ pikirimizshe basli’ bag’darlardan boli’wi’ kerek. Bul boyi’nsha diyxanlardi’n’ talabi’na say keletug’i’n texnologiya ha’m texnikalardi’ jarati’w, ayi’ri’mlari’n si’rt yelden sati’p ali’p kelip wolardi’n’ wori’nlarda ko’tere sati’w sawdasi’n a’melde payda yetiw maqsetke muwapi’q yesaplanadi’. Awi’lli’q jerlerde kishi biznes ha’m jeke isbilermenlikti rawajlandi’ri’wdi’n’ ja’ne bir tiykarg’i’ faktori’ wolar ushi’n za’ru’rli infrastrukturalardi’ rawajlandi’ri’w yesaplanadi’. Kishi ha’m jeke isbilermenlikke sali’q jen’illiklerin jarati’w, soni’n’day, diyxan xojali’qlari’ talabi’na muwapi’q kommerciyali’q bankleri ta’repinen jeterli ko’lemde uzaq mu’ddetli kreditler ajrati’li’wi’ maqsetke muwapi’q. wori’nlarda bar bolg’an joqarg’i’ woqi’w wori’nlari’ imkaniyatlari’, jetik qa’nigeler tarti’lgan halda fermer ha’m diyxan xojali’qlari’ basshi’lari’, qa’niygelerdin’ a’dettegi ha’rekettegi qa’nigeligin asi’ri’w kurslari’n jarati’w, wolardi’ ha’zirgi zaman pa’n texnika jetiskenlikleri menen duri’s tani’sti’ri’w, İnternet materiallari’n wolarg’a jetkerip beriw lazi’m.

## JUWMAQLAW

Ma’mleketimizde ali’p bari’li’p ati’rg’an social-ekonomikali’q reformalardi’n’ tu’p negizin kishi biznes ha’m isbilermenliksiz ko’z aldi’mi’zg’a keltiriwimiz qi’yi’n. Respublikami’z ekonomikasi’ tarmaqlari’ ishinde kishi biznes awi’l xojali’g’i’nda joqari’ da’rejede rawajlang’an. Tarmaqta ali’p bari’li’p ati’rg’an reformalardi’n’ na’tiyjesinde awi’lli’q jerlerde kishi biznes ha’m jeke isbilermenlik sali’sti’rmali’ tu’rde tez rawajlanbaqta. Ha’zirgi waqi’tta fermer xojali’qlari’ awi’l xojali’g’i’ wo’nimlerin islep shi’g’ari’wdi’ sho’lkemlestiriwdin’ yen’ na’tiyjeli formasi’ yekenin turmi’sti’n’ wo’zi tasti’yi’qlap bermekte. yelimizde fermer xojali’qlari’n materialli’q-texnikali’q ta’miyinlew ha’m qarji’landi’ri’w boyi’nsha bazar ekonomikasi’ principlerine toli’q juwap beretug’i’n isenimli sistema ha’m mexanizmler qa’liplestirildi ha’m tabi’sli’ xi’zmet ko’rsetpekte. Ha’r ji’li’ fermer xojali’qlari’n qollap-quwatlaw ushi’n u’lken mug’darda materialli’q resurs ha’m qarji’lar aji’rati’lmaqta. Tek wo’tken 2014-ji’ldi’n’ wo’zinde awi’l xojali’q wo’nimlerinin’ yen’ za’ru’r tu’rlerin jetistiriw ushi’n 1 trillion su’m, sonnan paxta tayarlawg’a 800 milliard su’m, g’a’lle jetistiriwge 200 milliard su’m qarji’ avans retinde berildi. 2015-ji’lda bul maqsetler ushi’n 1 trillion 200 milliard su’m qarati’ldi’.

Ma’mleketimiz ta’repinen ko’rsetilip ati’rg’an mine usi’nday itibar ha’m a’meliy ja’rdem sebepli 2014-ji’lda fermer xojali’qlari’ni’n’ paxta jetistiriwdegi u’lesi 99,1 procentti, g’a’lle tayarlawda bolsa 79,2 procentti quradi’. Soni’n’ menen birge, wo’tken da’wir dawami’nda artti’rg’an ta’jiriybemiz fermerlikti ja’ne de rawajlandi’ri’w ushi’n bir qatar ju’da’ za’ru’r mashqalalardi’, tiykari’nan fermer xojali’qlari’ni’n’ turaqli’li’g’i’, yen’ a’hmiyetlisi, wolardi’n’ na’tiyjeliligin artti’ri’w menen baylani’sli’ ma’selelerdi sheshiwdi qatti’ talap yetpekte.

Xi’zmet ko’rsetip ati’rg’an ko’pshilik fermer xojali’qlari’ni’n’ is ta’jiriybesi sonnan derek beredi, fermer xojali’qlari’n qa’liplestiriwdin’ da’slepki basqi’shi’nda wolarg’a aji’rati’p berilgen jer maydanlari’ni’n’ kemligi wo’nim islep shi’g’ari’w rentabelliginin’ wo’siwine ha’r ta’repleme tosqi’nli’q yetip ati’r.

İmkaniyati', ku'sh-quwati' kem bolg'an fermer xojali'qlari' wo'zin za'ru'r texnika, aylani's qarji'lari' menen ta'miyinlew, kredit mu'mkinshiligine iye boli'w, yen' tiykarg'i'si', wo'z qa'rejetlerin qaplaw ha'm payda ko'rip islew, da'ramatti' asi'ri'wdi'n' isenimli tiykari'na aylana almaytug'i'n bu'gin turmi'sti'n' wo'zi ko'rsetpekte.

Kishi biznes  ha'm jeke isbilermenlikti rawajlandi'rudi' xoshametlew boyi'nsha ko'rilgen ilajlardi'n na'tiyjesinde wo'tken ji'li', fermer xa'm diyqan xojali'klari'n yesapqa almag'anda, 20 mi'n'nan zi'yat jan'a kishi biznes sub'ektleri sho'lkemlestirildi, wolardi'n' uli'wma sani' bolsa 195 mi'n'nan zi'yat boldi'. Bul 2000-ji'lg'a sali'sti'rg'anda 2 yese ko'p.

Jalpi' ishki wo'nimdi qaliplestiriwde kishi biznes ha'm jeke isbilermenlik salasi'ni'n' u'lesi 2000-ji'ldan baslap 31 procetten 56 procentke, sanaat wo'nimlerin islep shi'g'ari'wda 12,9 procentten 31,1 procentke wo'sti.

2014-ji'lg'i' kishi biznes ha'm jeke isbilermenlik salasi'nda 480 mi'n'nan aslam jan'a jumi's worni' sho'lkemlestirildi. Bul jarati'lg'an ja'mi jumi's wori'nlari'ni'n' yari'mi'n quraydi'. Bu'gingi ku'nde ekonomikani'n' usi' salasi'nda jumi's benen ba'nt bolg'an xali'qti'n' 76,5 procentten zi'yati' miynet yetpekte. 2000-ji'lda bul ko'rsetkish 49,7 procentke ten' yedi. Ekonomika salasi'nda izbe-iz a'melge asi'ri'li'p ati'rg'an mine usi'nday i'lajlari'mi'z wo'zinin' joqari' na'tiyjesin bermekte.

2014 ji'lda ma'mleketimizde kishi biznes ha'm jeke isbilermenlik salalari'ni'n' da turaqli' rawajlang'anli'g'i'na ayi'ri'qsha itibar qarati'ldi'. Xojali'q ju'ritiwshi sub'ektlerdin' sali'q ju'gin ja'nede kemeyttiriw, mikrofirma ha'm kishi ka'rxanalar ushi'n birden bir sali'q to'lemi 2011 ji'ldan baslap 5 procentke, 2012 ji'ldan baslap bolsa 5 procentke tu'siriliwi, fizikali'q ta'replerden ali'natug'i'n da'ramat sali'g'i' stavkalari'ni'n' kemeyttiriliwi ha'm ha'zirde woni' yesaplaw ta'rtiplerinin' bekkemlestiriliwi isbilermenlik, kishi ha'm jeke biznesti izbe-izlik penen rawajlandi'ri'w ushi'n ku'shli xoshametlewshi faktorlar jaratti'.

O'zbekistan Respublikasi' Prezidentinin' 2008 ji'l 10-noyabr'degi PF-4051-sanli' Qarari'na muwapi'q, kishi biznes ha'm jeke isbilermenlik, sonnan shan'araq

biznesi ha’m u’y miynetin rawajlandi’ri’w joli’ menen jan’a jumi’s wori’nlari’n sho’lkemlestiriw ha’m de awi’llarda, qaladan uzaq jaylasqan wori’nlarda mikrofinansli’q xi’zmetler ko’rsetiw ko’lemin ken’eytiw boyi’nsha islep shi’g’i’lg’an da’stu’r tiykari’nda 2014 ji’lda Mikrokreditbank ta’repinen ja’mi 21,0 mlrd. su’m, sonnan, Qarao’zek rayoni’na 631,0 mln. su’m, Qanli’ko’l rayoni’nda 707,0 mln. su’m, Taxtako’pir rayoni’nda 712,0 mln. su’m, Shomanay rayoni’nda 792,0 mln. su’m, No’kis rayoni’nda 713,0 mln. su’m, mug’dari’nda jen’illikli xa’m uzaq mu’ddetli kreditler aji’rati’p berildi.

Soni’n’ menen birge, Prezidentimiz ha’zirde awi’l xalqi’na ko’rsetilip ati’rg’an xi’zmetler ko’lemi ji’ldan-ji’lg’a wo’sip barati’rg’anli’g’i’na qaramay, ha’zirge shekem pa’s da’rejede – barli’g’i’ boli’p 26,8 procent boli’p qali’p ati’rg’anli’g’i’na ayi’ri’qsha itibar qarati’w lazi’mli’g’i’n, xali’qqa xi’zmet ko’rsetiw si’pati’ da talap da’rejesinde yemesligin ayti’p wo’tken yedi.

Ma’mleketimizde jumi’sshi’ ku’shi ba’ntligi ha’m xali’q da’ramatlari’n asi’ri’wda kesipali’wshi’li’q ha’mde jeke ja’rdemshi ha’m diyxan xojali’qlari’nda qaramal bag’i’w salalari’ni’n’ a’hmiyeti ji’ldan-ji’lg’a ku’sheyip barmaqta. Soni’n’ ishinde, bul boyi’nsha to’mendegi na’tiyjeler qolg’a kiritildi:

- 2014 ji’lda kesipali’wshi’lar ta’repinen 34 milliard su’mli’q wo’nim islep shi’g’ari’ldi’ ha’m xi’zmetler ko’rsetildi;

- kesipali’wshi’li’q arqali’ ka’rxanalar wo’zlerine berilgen sharayatlar yesabi’nan 1 mlrd. su’mnan arti’q qa’rejetti tejewge yeristi;

- sha’rwashi’li’qti’ rawajlandi’ri’w da’stu’rinin’ a’melge asi’ri’w ko’leminde 2014 ji’li’ aukcion sawdalari’nda 20300 bas qaramal sati’ldi’, 2015 ji’lda ja’ne 24600 bas qaramal sati’li’wi’ na’zerde tuti’lmaqta;

- yeger 2013 ji’lda qaramal sati’p ali’w ushi’n 42,5 mlrd. su’mli’q jen’illetilgen kreditler aji’rati’lg’an bolsa, 2014 ji’lda bul summa 48,2 mlrd. su’mdi’ quradi’.

- 2015 ji’ldi’n’ 1 yanvari’na shekem menshik ja’rdemshi ha’m diyxan xojali’qlari’nda qaramal bag’i’wshi’ si’pati’nda dizimge ali’ng’an puqaralardi’n’ uli’wma sani’ 1,1 mln. adamnan ko’birekti quradi’.

# PAYDALANI’LG’AN A’DEBYATLAR DIZIMI

1. O’zbekiston Respublikasi Konstituciyasi’ Toshkent 2010

2. O’zbekiston Respublikasi Prezidentining Farmoni. İqtisodiyot real sektori korxonalarining moliyaviy barqarorligini yanada woshirish chora-tadbirlari twg’risida. 2010 yil 18 noyabr’, PF-4053-son.

3. O’zbekiston Respublikasi Prezidentining Farmoni. Fuqarolarning O’zbekiston Respublikasi tijorat banklaridagi womonatlarini himoyalash kafolatlarini ta’minlashga woid qwshimcha chora-tadbirlar twg’risida. 2010 yil 28 noyabr’, PF-4057-son.

4. O’zbekiston Respublikasi Prezidetining 2008 yil 10 noyabrdagi ”Mikrokreditbank akciyadorlik tijorat bankining tadbirkorlik sub’ektlarini qwllab-quvvatlash borasidagi faoliyatini yanada kengaytirish chora-tadbirlari twg’risida” gi PF-4051 sonli Farmoni

5. Karimov İ.A. 2015-ji’lda ekonomikami’zda tu`pkilikli strukturali’q wo’zgerislerdi a`melge asi’ri’w, modernizaciya ha`m diversifikaciyalaw processlerin izbe-iz dawam yettiriwdin` yesabi’nan jeke mulk ha`m jeke isbilermenlikke ken` jol ashi’p beriw-en` a`hmiyetli wazi’ypami’z.”//”Erkin qaraqalpaqstan” gazetasi, №14, 2015 yil 20 yanvar`

5. Karimov İ.A. Jahon moliyaviy-iqtisodiy inqirozi, O’zbekiston sharoitida uni bartaraf etishning ywllari va choralari. – T.:O’zbekiston, 2009.

6. Karimov İ.A. Mamlakatimizni modernizaciya qilish va kuchli fuqarolik jamiyati barpo etish – ustuvor maqsadimizdir. Asosiy vazifamiz – Vatanimiz taraqqiyoti va xalqimiz farovonligini yanada yuksaltirishdir. – T.:O’zbekiston, 2010.

7.Karimov İ.A. Uzbekiston mustaqillikka erishish wostonosida.– T.:O’zbekiston, 2011. –440 b.

8. İslom Karimov. Asosiy vazifamiz — Vatanimiz taraqqiyoti va xalqimiz farovonligini yanada yuksaltirishdir. —T.: Uzbekistan, 2010. -B

9. Alimardonov M. «Tadbirkorlik faoliyatini rivojlantirishga soliq tizimining ta’siri» – Toshkent: TMİ, 2003. - 233 b.

10. Aniskin Yu.P. worganizaciya i upravlenie mali’m biznesom: Ucheb. posob. – M.: Finansi’ i statistika, 2008.

11. Axmedov K., Kichik biznes sub’ektlarini mikromoliyalashtirish jarayonlarining shakllanishi va rivojlanishi // İqtisodiyot va ta’lim. - Toshkent, 2008.

12. Bekmurodov A.Sh. va boshqalar «O’zbekiston iqtisodiyotni liberallashtirish va modernizaciyalash ywlida» Ekspress-prospekt. T.: İqtisodiyot, 2009.–5 b.

13. Bekmurodov A.Sh., G’afurov U.V. O’zbekiston – iqtisodiyotni modernizaciyalash hamda islohotlarni chuqurlashtirishning yangi va yuksak bosqichi yo’lida. T.: İqtisodiyot, 2008. – 126 b.

14. Bekmurodov A.Sh., Gimranova wo.B, Shamshieva N.N. «Ommabop iqtisodiyot: mohiyati va asosiy tushunchalari» İlmiy-ommabop qwllanma. T.: İqtisodiyot, 2009. – 92 b.

15. Vahobov A. Kichik tadbirkorlik loyihalarini kreditlash amaliyoti va muammolari // Bozor, pul va kredit. - Toshkent, 2006. - № 5. - B. 43-46.

16. Goyibnazarov B.K., Rahmonov H.O., wotajonov Sh.İ. Kichik biznes va xususiy tadbirkorlik -mamlakat ijtimoiy-iqtisodiy tarakkiyotini yuksaltirish womili. -T.: Fan, 2011.

17. G’ulomov S. «Tadbirkorlik va kichik biznes» Toshkent 2002

18. Jo’raev A. Kichik va ўrta biznes korxonada investiciya jarayoni // Bozor, pul va kredit. – 2002. – 6-son. – 49-son. – 31 – 33-b.

19. Jwraev A., Kichik va wrta biznesni rivojlantirishda bozor infratuzilmasi wrni // Bozor, pul va kredit. - Toshkent, 2003. - № 2. - B. 43-47.

20. Kosimova M.S. , Yusupov M.A., Ergashxadjaeva Sh.J. Marketing. T.: TDİU, 2010.

21. Qosimova M.S., Samadov A,N. Kichik biznes va tadbirkorlik. T.: O’zbekiston yozuvchilar uyushmasi, 2005.

22. Mamatov B. va boshq. Kichik biznes va xususiy tadbirkorlik loyihalarini moliyalashtirish. Wquv qwllanma. - Toshkent: TMİ, 2007. - 152 b.

23. Mamatov B. Jahon moliyaviy-iqtisodiy inqirozi sharoitida kichik biznes va xususiy tadbirkorlik sub’ektlarini mikromoliyalashning ahamiyati // Jahon moliyaviy-iqtisodiy inqirozi sharoitida moliya va byudjet tizimini takomillashtirish masalalari: Respublika ilmiy-amaliy anjumani materiallari. - Toshkent, 2010. - B. 186-188.

24. Mamatov B., Xwjamqulov D. Lizing - kichik va ÿrta biznesni kreditlash samarali vositasi // Bozor pul va kredit. - Toshkent, 2002. - № 7. - B. 27-29.

25. Tleubergenov R.SH. ha’m basqalar. «Agroekonomika ha’m agrobiznes tiykarlari’» No’kis, «Bilim», 1998. –72 b.

26. Nazarbaev wo., Erejepova B., Kalmuratov B. «İsbilermenliktin’ ekonomikaliq tiykarlari» Toshkent I’QTI’SOD-MOLYA 2009. –94 b.

27. Nazarbaev wo., Erejepova B., Kalmuratov B. «İsbilermenlik tiykarlari’» No’kis «Qaraqalpaqstan» 2011.– 112 bet

28. Xodiev B va boshqalar «Kichik tadbirkorlik faoliyati asoslari» 1 qism 2004.-144 b

29. Xodiev B.Yu, Kosimova M.S., Samadov A.N Kichik biznes va xususiy tadbirkorlik. –T.: TDİU, 2010.

30. O’zbekiston Respublikasi Davlat statistika qwmitasining tegishli yillar bwyicha statistik twplamlari.

31. «Erejep baba» fermer xojalıg’ıni’n’ 2013-2014 ji’llardag’i’ ji’lli’q esabatlari’

## Paydalani’lg’an saytlar

1. http://www.cer.uz
2. http://www.review.uz